ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№3 (24.285) • 2022 гъэм щІышылэм (январым) и 15, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •

## УзыфэщІэм зэрыпэщІэтыным зыхуагъэхьэзыр



**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек видеоконференц мардэм тету Оперативнэ штабым и зэІущІэ иригъэкІуэкІащ. Абы щытепсэлъыхьащ республикэм и эпидемиологие щытыкІэмрэ ар зыхуэкІуэнкІэ хъунумрэ.**

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ **Мусуков Алий**, «Роспотребнадзор»-м и къудамэу КъБР-м щыІэм и тхьэмадэ **Пагуэ Жыраслъэн**, республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр **Къалэбатэ Рустам**, щІыналъэ властым и гъэзэщІакІуэ органхэм, хабзэхъумэ ІэнатІэхэм я унафэщІхэр, районхэмрэ къалэ округхэмрэ я Іэтащхьэхэр.

Республикэм и Іэтащхьэр къытеувыІащ иджыблагъэ Москва щекІуэкІа зэІущІэхэм щыхэтам УФ-м и Президент Путин Владимир къигъэува къалэнхэмрэ УФ-м и Правительствэм и Іэтащхьэ Мишустин Михаил пщэрылъ къащищІахэмрэ. Коронавирусым и штамм лІэужьыгъуэщІэм зэрызиужьым къыхэкІыу, КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ узыфэм щІыналъэм зыщемыгъэубгъуным хуэунэтІауэ Іуэхухэр зэрырагъэкІуэкІым кІэлъыплъ оперативнэ штабым и къару псори зэщІэгъэуІуэным, узыншагъэр хъумэнымкІэ ІэнатІэм и лэжьыгъэр къэзылъахъэ щымыІэнымкІэ и чэзум зэфІэгъэкІыпхъэхэр щІэным мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

И гугъу ящІащ коронавирус узыфэ зэрыцІалэр зыпкърытхэр къэхутэнымкІэ ирагъэкІуэкІ тест-къэпщытэныгъэхэм республикэм и цІыху нэхъыбэ къызэщІегъэубыдэн зэрыхуейм. Мы зэманым махуэ къэскІэ апхуэдэ къэпщытэныгъэу минитІым щІигъу ирагъэкІуэкІри, абы и процент 89-м узыфэр япкърыту къахутэ. Пагуэ Жыраслъэн къызэрилъытэмкІэ, а бжыгъэр и щыхьэтщ сымаджэ куэд зэрыщыІэм, абыхэм я процент 97-м япкърытыр коронавирусым и «дельта» штаммырщ. Абы жиІащ щІыналъэм узыфэ зэрыцІалэм и «омикрон» штаммыр пкърыту хуагъэфащэу зы сымаджэ зэрыщыІэр. Республикэм и санитар нэхъыщхьэм къигъэлъэгъуащ узым зэрыпэщІэт вакцинэр зыхезыгъэлъхьахэм я бжыгъэр зыхуэдэми. Къэбэрдей-Балъкъэрым щІышылэм и 10-м ирихьэлІэу мастэм и япэ пкъыгъуэхэр зыхезыгъэлъхьахэр мин 272-рэ мэхъу, тІури зэзыхьэлІахэр мини 180-м щІегъу. Республикэм вакцинэр щыхалъхьэ пункт 85-м, махуэ къэс пщэдджыжьым щегъэжьауэ пщыхьэщхьэм сыхьэти 8 хъуху.

Къалэбатэ Рустам зэрыжиІамкІэ, коронавирус узыфэ зэрыцІалэр зыпкърытхэм щеІэзэ госпиталу республикэм 4 щолажьэ, псори зэхэту гъуэлъыпІэ 710-рэ щІэту. Иджыпсту госпиталхэм щагъэхъуж сымаджэ 568-рэ, абыхэм ящыщу 83-р реанимацэм щІэлъщ, амбулаторэ кІэлъыплъыныгъэм щІэтхэр 3710-рэ мэхъу. Къэрал медицинэ ІуэхущІапІэу 4-м КТ-къэхутэныгъэхэр щрагъэкІуэкІ Іэмэпсымэу 7 щыІэщ, зы жэщ-махуэм къриубыдэу абыхэмкІэ я щытыкІэр къапщытэ цІыху 450-м. Министрым къыхигъэщащ амбулаторэхэмрэ поликлиникэхэмрэ я лэжьыгъэр нэхъыбэ зэрыхъунур, абыхэм Іуэхур къыщагъэпсынщІэн папщІэ КъБКъУ-м и медицинэ къудамэм и ординаторхэр Іуэхум къыхашэну зэрамурадыр.

Мусуков Алий тепсэлъыхьащ нэхъапэкІэ республикэм и Іэтащхьэм пщэрылъ къащищІахэм япкъ иткІэ, УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм къигъэлъэгъуа чэнджэщыщІэхэм тету къэкІуэну мазищым тещІыхьауэ коронавирус узыфэ зэрыцІалэр зыпкърыту амбулаторэ кІэлъыплъыныгъэм щІэт сымаджэхэр хущхъуэкІэ къызэгъэпэща хъун папщІэ республикэ бюджетым абы трагъэкІуэдэну ахъшэр къызэрыхагъэкІыну Іэмалхэр къызэрагъуэтам. Апхуэдэу узыфэр зыпкърытхэр нэхъ пасэу къахутэн щхьэкІэ ар нэхъ псынщІэу къозыгъащІэ экспресс-тестхэр къызэращэхун мылъкуи бюджетым къыхагъэкІынущ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек зэІущІэм хэтхэм пщэрылъ зыбжанэ яхуищІащ коронавирус узыфэ зэрыцІалэм республикэм зыщемыгъэубгъуным теухуауэ. «Оперативнэ штабым и зэІущІэр едгъэкІуэкІын хуей щІэхъуам и щхьэусыгъуэр коронавирус узыфэ зэрыцІалэм и «омикрон» штамм лІэужьыгъуэщІэм игъэсымаджэхэм я бжыгъэр дуней псоми ди къэралми зэрыщыхэхъуэрщ. Иджыпсту ди республикэм узым и гуащІэгъуэр нэхъ щыужьыхауэ щытщ. Ауэ дыхуэхьэзыру дыщытын хуейщ къэкІуэнум. «Омикроным» куэдкІэ нэхъ псынщІэу зеубгъу, абы къыхэкІыуи, сымаджэхэр нэхъыбэу щытынущ. Ди республикэм махуэм къриубыдэу цІыху 500-м нэблагъэм узыр япкърыту къахутэнкІэ хъунущ, абы ипкъ иткІэ сымаджэхэм я бжыгъэм хуэди 5 - 6-кІэ хэхъуэнущ. Іуэхум теухуа унафэ щхьэхуэхэр къэдгъэлъэгъуащ. Ди мурадщ узыр зыпкърытхэр къэхутэнымкІэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм зедгъэубгъуну, цІыху куэд щызэхыхьэ щІыпІэхэм тест-къэпщытэныгъэхэр щрагъэкІуэкІ ягъэІэпхъуэ пунктхэр къыщызэІутхыну. Узыфэ лІэужьыгъуэщІэр нэхъ къатемыхьэлъэу цІыхухэр игъэсымаджэу къызэралъытэм щхьэкІэ амбулаторэ кІэлъыплъыныгъэм щІэтхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэныр къэтлъытэри, ахэр зыхуеину хущхъуэхэмкІэ къызэдгъэпэщын щІэддзащ. Коронавирус узыфэ зэрыцІалэр зыпкърытхэм дэІэпыкъуэгъу яхуэхъу медицинэ лэжьакІуэхэм я улахуэм худыщІагъуу щыта ахъшэхэр еттын щІэддзэжынущ. Ар къыхэдгъэкІынущ щІыналъэ бюджетым. Апхуэдэу Іуэхум къыхэтшэну медицинэ еджапІэхэм я ординаторхэмрэ студентхэмрэ лэжьыгъэм тезыгъэгушхуэ гулъытэ яхуэтщІэну ди му-радщ. Нобэ пандемием пэщІэт ІэнатІэр и къару къызэрихькІэ лэжьэнущ, ар къэзылъахъэ щыІэн хуейкъым, Іуэхум и пІалъэр зыхуэдэм фІыуэ дыщыгъуазэщ. Госпиталхэм гъуэлъыпІэ 710-рэ щІэтщ, дыхуэныкъуэ хъумэ, ар нэхъыби тхуэщІынущ. Коронавирус узыфэ зэрыцІалэм и «омикрон» штаммым зыщиубгъуа къэралхэм къикІ хъыбархэм ятепщІыхьмэ, мы узыфэр цІыхухэм нэхъ тыншу ящхьэщокІ, ауэ абыкІэ дигу дгъэфІу зыщІедгъэх хъунукъым. Абыхэм цІыху бжыгъэшхуэм коронавирус уз зэрыцІалэм укъезыгъэл иммунитет зрагъэгъуэтащ, ди дежкІэ вакцинэр зыхезыгъэлъхьахэм я бжыгъэр иджыри мащІэ дыдэщ. ЦІыху нэхъыбэ а Іуэхум къызэрызэщІедгъэубыдэнми дыхущІэкъуэн хуейщ. Дэтхэнэри ихь жэуаплыныгъэр къыгурыІуэу икІи коронавирус узыфэ зэрыцІалэ лІэужьыгъуэщІэм зэрызиубгъуным хуэхьэзыру щытыпхъэщ», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и ІуэхукІэ

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм икІи хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащІам папщІэ

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын***

**Батыр Любэ Хьэзрэталий и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Аппаратым жылагъуэм хуаІэ зэпыщІэныгъэмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм ядэлэжьэнымкІэ и управленэм и унафэщІым - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІым и пресс-секретарым;

**цІэ лъапІэхэр яфІэщын**:

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и журналист»***

**Бэрбэч Борис Ауес и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ ІуэхущІапІэм и «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редакторым

**Конаревэ Наталье Игорь и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ ІуэхущІапІэм и теле-, радионэтынхэм и унафэщІым,

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ»***

**Мусукаевэ Сакинат Азнор и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ ІуэхущІапІэм и «Заман» газетым и редакторым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2022 гъэм щІышылэм и 13-м*
*№2»-УГ*

## Поликлиникэр къызэІуахыж




*Сурэтыр* **Елъкъан Артур** *трихащ.*

**Иджыблагъэ къызэІуахыжащ Къалэ сабий поликлиникэ №1-м и къудамэу Хмельницкий Б. и цІэр зезыхьэ уэрамым тетыр. Сабий мин 11-м щІигъум я узыншагъэм щыкІэлъыплъ медицинэ ІуэхущІапІэм лэжьэн зэрыщІидзэжам адэ-анэхэр икъукІэ щыгуфІыкІащ.**

ІЭНАТІЭМ пэрытщ педиатру 10, лэжьэгъуэ пІалъэ хэха яІэу щыІэщ невролог, ортопед, УЗИ-диагност ІэщІагъэлІхэр. Мы махуэхэм къриубыдэу поликлиникэм сабий 300-м щІигъум я узыншагъэр къыщапщытащ.

Къалэ сабий поликлиникэм и дохутыр нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Тезадэ Лианэ зэрыжиІэмкІэ, сабий къудамэр щылэжьа унэр и щІыбкІи и кІуэцІкІи жьы дыдэ хъуат, щІэт хьэпшыпхэри куэд щІауэ зэхъуэкІын хуейт. КъищынэмыщІауэ, абы и пэшхэри кІэлындорхэри Іззэвлъэзэвт, цІыхуитІ тыншу щызэблэмыкІыфу. А псори къатехьэлъэрт щылажьэхэми къекІуалІэхэми.

«Узыншагъэр хъумэнымкІэ ІэнатІэм цІыхухэм япэ медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр щыхуащІэ и ІуэхущІапІэхэр къэгъэщІэрэщІэжын» федеральнэ программэм ипкъ иткІэ поликлиникэр сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуагъэзэжащ. Абы трагъэкІуэдащ сом мелуа-нищым нэблагъэ икІи зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр мазихым къриубыдэу зэфІагъэкІащ. Унэ гупэр екІуу зэрахьащ, бжэхэр, щхьэгъубжэхэр, пэш лъэгухэр щІэкІэ яхъуэжащ, хьэпшыпхэр зэрахъуэкІащ, компьютерхэмкІэ къызэрагъэпэщащ. Ухуэныгъэм къызэрыпащІыхьыжам и фІыгъэкІэ ІуэхущІапІэм и кІуэцІыр нэхъ хуит икІи нэху хъуащ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэу къыхагъэщыр иджы щІыхьэпІитІ иІэ зэрыхъуарщ. Абы и фІыгъэкІэ сабий сымаджэхэмрэ узыншэхэмрэ зэблагъэкІ.

ЖыпІэнурамэ, иджырей мардэхэм изагъэу къагъэщІэрэщІэжа медицинэ ІуэхущІапІэр дохутырхэми абы къекІуалІэхэми ягу дыхьащ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.**

# Мы гъэм и япэ зэIущIэ

**КъБР-м и Парламентым и Президиумыр мы гъэм япэу зэхуэсащ. Ар къыщызэIуихым Парламентым и Унафэщl Егоровэ Татьянэ жиlащ гъатхэ сессиер гугъуу зэрыщытынур икIи депутатхэм ехъуэхъуащ я къалэнхэм ехъулIэныгъэ яIэу пэлъэщыну**.



«ТРАНСПОРТ налогым», «Iуэхущlапlэхэм я мылъкухэм техьэ налогым» теухуауэ КъБР-м и Законхэм зэхъуэкlыныгъэхэр хэлъхьэным и проектым зэIущIэм щыхэплъащ. Проектыр зэхагъэувэным щхьэусыгъуэ хуэхъуащ федеральнэ законодательствэм халъхьа зэхъуэкlыныгъэ щхьэхуэхэр. КъБР-м и Парламентым бюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ и комитетым и унафэщI Афэщlагъуэ Михаил зэрыжиIамкIэ, налог зытехьэ бгъэIэпхъуэ мыхъу мылъкухэм я бжыгъэм къыхэхъуащ. УФ-м и щIыналъэхэм я законхэм тету Iуэхущlапlэхэм я мылъкухэм техьэ налогыр къызэрапщытэ базэ щыIэщ. Абы хеубыдэ псэупIэхэр, гаражхэр, автомобиль гъэувыпIэхэр, унэ ныкъуэщIхэр, апхуэдэуи, цIыху щхьэхуэхэм псэупIэ щаухуэну, жыг щагъэкIыну е гъавэ щащIэну хухаха щIы Iыхьэхэм тращIыхь ухуэныгъэ зэхуэмыдэхэр.

Транспорт налогымрэ Iуэхущlапlэхэм я мылъкухэм техьэ налогымрэ щатын хуей пIалъэр убзыхунур дяпэкIэ федеральнэ унафэу щытынущ, ахэр УФ-м и Налог кодексым и 363, 378.2 статьяхэм къыщыхьащ. Абы къыхэкIыу, Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм я законхэм а Iыхьэхэр хаудыжынущ. Законопроектыр абы хэплъапхъэхэм хурагъэхьащ, къыпэджэжыным папщIэ.

Депутатхэр хэплъащ дыкъэзыухъуреихь щIыуэпсыр хъумэным, промышленностым, гъуэгум шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным, бын унагъуэшхуэхэм ядэIэпыкъуным теухуауэ УФ-м и щIыналъэ щхьэхуэхэм къагъэхьа законопроектхэм, зыкъызэрыхуагъазэ тхыгъэхэм, Iуэху еплъыкIэхэм.

Республикэм и хабзэубзыху Iуэхущlапlэм и къыкIэлъыкIуэ зэIущIэм пIалъэу хугъэуващ щIышылэм и 27-р. КъБР-м и Парламентым и Регламентым тету, абы кърагъэблэгъэнущ политикэ парт щхьэхуэхэр. Абы щытепсэлъыхьынущ гъуэгухэм я щытыкIэм, зэрегъэфIэкIуапхъэхэм.

Къищынэмыщlауэ, КъБР-м и Парламентым и щIыхь тхылъхэр иратынущ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм пэрыт лэжьакIуэфIхэм.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***

# Кавказым и къэхутакIуэ емызэш

**ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и член-корреспондент, биологие щIэныгъэхэм я доктор наук, профессор, Урысей Федерацэм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Тембот Аслъэнбий Къазий и къуэр ящыщщ лъэпкъ щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIахэм. Кавказым и щIыуэпсыр нэхъуеиншэу зыджа къэхутакIуэм, зоологиемкIэ, экологиемкIэ, биогеографиемкIэ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъа IэщIагъэлI щыпкъэм бгылъэ щIыпIэхэм я экологиемкIэ къызэригъэпэща щIэныгъэ школыр ноби шэщIауэ, ехъулIэныгъэ лъагэхэр зыIэригъэхьэу мэлажьэ, Темботым иубзыхуа унэтIыныгъэхэм щIэныгъэ лъабжьэ быдэ зэраIэм щыхьэт техъуэу. Псэужамэ, абы и ныбжьыр илъэс 90 ирикъунут**.

ТЕМБОТ Аслъэнбий 1932 гъэм и щIышылэ мазэм къыщалъхуащ Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Псынэдахэ адыгэ жылэм. Кавказ бгы тхыцIэм и Iэшэлъашэм щитIысыкIа къуажэм къыщыхъуа щIалэм игури и псэри дамыхьэхыныкIэ Iэмал иIэтэкъым махуэ къэс илъагъу Iуащхьэ лъагэхэм я уардагъым, дахагъым. И сабиигъуэм ищIа а лъагъуныгъэр Аслъэнбий гъуэгугъэлъагъуэ хуэхъуащ и IэщIагъэр къыщыхихым. Псынэдахэ дэт курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, щIалэщIэр щIэтIысхьащ Налшык пединститутым икIи Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Кавказымрэ я щIыуэпсыр джыным яужь ихьащ. Еджэныр хъарзынэу зэфIэзыха Темботым мурад ищIащ бгъэдэлъ щIэныгъэм адэкIи хигъэхъуэну икIи 1954 гъэм щIэтIысхьащ Крупскэм и цIэр зезыхьэу Москва дэт педагогикэ институтым и аспирантурэм. Совет зоолог, териолог цIэрыIуэ, профессор Кузякин Александр и унафэм щIэту «Зоологие» унэтIыныгъэмкIэ къэхутэныгъэ купщIафIэхэр иригъэкIуэкIащ Аслъэнбий. Абыхэм апхуэдизу дахьэхати, лэжьыгъэхэр зэфIихащ и пIалъэр къэмысу икIи ахэр и лъабжьэу кандидат диссертацэ итхащ, ехъулIэныгъэ иIэуи ар пхигъэкIащ.

Аспирантрэ докторанту щIэныгъэм и гъуэгум куэд тезыгъэува Кузякиным гукъинэ щыхъуат адыгэ щIалэм щыдэлэжьа зэманыр. Абы зэрыжиIэжымкIэ, Темботым удэлэжьэну тыншт икIи гъэщIэгъуэнт. «Адыгэ щIалэ гурыхуэм гупсысэщIэхэр и куэдти, къэхутэныгъэхэр къэтпщытэжу дыщызэбгъэдэсхэм деж ахэр утыку къитлъхьэрт, - игу къигъэкIыжырт профессорым. - ЖыпIэнурамэ, Аслъэнбий и псалъэхэм хэплъагъуэрт ар мурад хэха, творческэ зэчий, ерыщагъ зэрыбгъэдэлъыр».

Еджэныр зэфIэзыгъэкIа щIэныгъэлI щIалэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къигъэзэжащ, и щIэныгъэр щалъхуа щIыналъэм и зыужьыныгъэм ирихьэлIэмэ, нэхъ къищтэу. КъБКъУ-м и биологие факультетым лэжьапIэ ирагъэблэгъащ Аслъэнбий, зооологиемкIэ абы и кафедрэм и ассистенту. «Къулыкъу дэкIуеипIэкIэ» зэджэ лъагапIэм и щхьэщыгум нэсащ Темботыр, пщIэрэ щIыхьрэ иIэу. Ассистенту лэжьэн щIэзыдза IэщIагъэлIыр щIэныгъэм я доктор, кафедрэм и унафэщI, профессор, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием (РАН) и член-корреспондент хъуащ. Апхуэдэ ехъулIэныгъэхэр Темботым зыIэригъэхьащ бгъэдэлъ акъыл куум, гупсысэ шэщIам, зэфIэкI лъагэхэм я фIыгъэкIэ. Зоолог, эколог, биогеограф цIэрыIуэм и гъащIэр триухуащ бгылъэ щIыпIэ лъагэхэм я экологиер, щекIуэкI гъащIэр къэхутэным, джыным. РАН-м хэту абы къызэригъэпэщащ зи унафэщI хъуа щIэныгъэ IуэхущIапIэр - Бгылъэ щIыналъэхэм я институтыр. АбыкIэ абы игъэтIылъащ лъэпкъ щIэныгъэм и унэтIыныгъэщIэм, «бгыхэм я экологиекIэ» зэджэм, и лъабжьэр. Ар Аслъэнбий къыщиугъуеящ экологие, зоологие, биогеографие щIэныгъэхэм я зэпылъыпIэм.

Институтыр къызэIухыным Темботыр иужь щихьа лъэхъэнэр хуабжьу зэман гугъут ди къэралым дежкIэ. 1994 гъэм и кIэхэрати, апхуэдэ гупсысэр гъащIэм хэпща хъуным мылъку куэд текIуэдэнут. Ауэ щыхъукIи, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием фIэкъабылт институтыр къызэIуахыну. АбыкIэ хуитыныгъэ къратэ нэужьи, тынш хъуакъым къызэгъэпэщакIуэм и Iуэхур. Аслъэнбий куэд щIауэ республикэм щылажьэ пэтми, щIэныгъэ лэжьакIуэхэр зэхуишэсынми гугъу дехьащ. IуэхущIапIэр ЩIэныгъэ IэщIагъэлIкIэ къызэрагъэпэща нэужь, лабораторэ нэхъыщхьэхэр 1995 гъэм къызэIуахащ. ИужькIэ абыхэм я бжыгъэм хэхъуащ, щIэныгъэрылажьэхэри и мымащIэу. Темботым къызэригъэпэща институтыр экосистемэм и унэтIыныгъэ псоми йолэжь, бгылъэ щIыпIэхэм я экологие ухуэкIэ псори къызэрызэщIиубыдэным иужь иту.

ЩIэныгъэм и дунейм гъуэгу бгъуфIэ щыпхызыша Тембот Аслъэнбий иригъэжьа лэжьыгъэм нобэ пещэ абы ипхъу ФатIимэ. Биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр центрым Бгылъэ щIыпIэхэм я экологиемкIэ и институтым и унафэщIщ ар, и адэ цIэрыIуэм и щапхъэр гъащIэ гъуазэ хуэхъуауэ.

Аналитикэ акъыл жан зыбгъэдэлъ, жыжьэ кIуэцIрыплъыф щIэныгъэлI щыпкъэ Тембот Аслъэнбий лъэпощхьэпохэм къапимыкIуэту, ерыщу хущIэкъуащ Кавказым и бгылъэ экологие щIыпIэхэм псэ зыIут къэхъугъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрыхэпсэукI щIыкIэхэр нықъусаныгъэншэу къызэрихутэным, щIыуэпсымрэ псэущхьэхэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэр наIуэ къызэрищIыным. ИригъэкIуа апхуэдэ щIэныгъэ лэжьыгъэхэр, бгъэдэлъа творчествэр къыщыгъэлъэгъуэжащ абы и къалэмыпэм къыпыкIа тхыгъэхэм. Абыхэм яхэтщ монографие щхьэхуэри, щIэныгъэ статьяхэри, тхыгъэ хэхахэри. Темботым зэфIиха щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэм я мыхьэнэр къыпхуэмылъытэным хуэдизщ. Кавказым и бгылъэ щIыпIэхэм епха къэхутэныгъэхэм щIыналъэм хьэлэмэтагъыу бгъэдэлъыр наIуэ къащI къуэдейкъым, атIэ апхуэдэуи Iэмал къуат щIыуэпсыр нэсу цIыхум къигъэсэбэпыфыну, абы и къуалэбзухэми адрей псэущхьэ псоми ди зэран емыкIыу, уеблэмэ тхъумэу.

ЗэфIиха апхуэдэ лэжьыгъэ купщIафIэхэм, щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэ инхэм къапэкIуэу Темботым иратауэ щытащ къэрал дамыгъэхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. Абыхэм ящыщ РАН-м Карпинскэм и цIэкIэ игъэува саугъэтыр, «УФ-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъагэр, нэгъуэщIхэри.

Совет, урысей щIэныгъэлI цIэрыIуэр 2006 гъэм дунейм ехыжащ. Абы къыщIэна хъугъуэфIыгъуэхэм ящыщ и унагъуэ дахэр, и лэжьыгъэ купщIафIэхэр, и лъэужьым ирикIуэ гъэсэн Iущхэр. ЛIэщIыгъуэ блэкIам къигъэщIа щIэныгъэлI щыпкъэхэм я нэхъыфIхэм халъытэ Кавказыр джыным зи къарурэ зэфIэкIрэ хьэлэлу езыхьэлIа Тембот Аслъэнбий Къазий и къуэр. Абы и къэхутэныгъэхэр лъэпкъ щIэныгъэм и и лъапIэныгъэщ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ**.



КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» ГКУ-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Горянка», «Советская молодёжь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, ВГТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м, «КъБР-инфо» хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и лэжьакIуэхэр радиом балъкъэрыбзэкIэ нэтынхэр щезыгъэкIуэкI **Этчеев Музафар Шарабудин и къуэм** хуогузавэ и щхьэгъусэ **Этчеевэ (Гаевэ) Нюржан Бубарек и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

# Сабий гъэсапIэм и гуащэ

***Ди псэлъэгъур Щхьэлыкъуэ къуажэм дэт школ №1-м къегъэщIылIа сабий садым и унафэщIщ илъэс куэд хъуауэ. ЩыIэкъым сабийм и деж щыпхь жэуапым нэхърэ нэхъ ин. Иуан Агнессэ абы пэлъэщ къудей мыхъуу, зыпэрыт IэнатIэм гукъыдэжи къыхех. Ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ бзылъхугъэм и гупсысэхэм.***

**- Агнессэ, IэщIагъэ пхуэхъуар сабий хъуэпсапIэм къыхэкIа хьэмэрэ нэгъуэщI гупсысэхэм кърикIуа?**

- Дохутыр сыхъуну сехъуапсэу щытащ сыщыцIыкIум. Класс нэхъыжьхэм сыщынэсам псом нэхърэ нэхъыфIу къызэхъулIэрт математикэмрэ физикэмрэ. Абы щыгъуэ тезухуат сызыхуеджэнур. Щапхъэ схуэхъуари математикэмкIэ ди школ егъэджакIуэрт.

Курыт школыр къэзухри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым физикэм сыщыхуеджащ. Си студент гъащIэр щIэщыгъуэт, си гур куэдрэ согъэнщIыж абы епха гукъэкIыжхэмкIэ. Курс лъэщт сызыхэсар. Къыддеджа, щIэныгъэлI хъуа куэдым фIыкIэ я цIэ ираIуэ. Иджыри дызэрыгъэкIуэдыркъым, илъэситху къэс дызэхуэсыныр хабзэ тхуэхъуауэ. Университет нэужьым физикэмкIэ егъэджакIуэу сылэжьащ. 1993 гъэ лъандэрэ сабий садым сриунафэщIщ. Япэ лъэбакъуэхэр сытым дежи гугъукъэ?! Сэри сытемыгушхуащэурэ къыщIэздзауэ щытащ. ИтIани, сэ схэлът сызыпэрыт IэнатIэм щынэхъыщхьэр - сабий фIыуэ слъагъурт. Псоми пIалъэ кIэщIкIэ сыхэзэгъащ, лэжьыгъэри си гум дыхьащ. Апхуэдизу си лэжьыгъэр сщыщ хъуащи, абы дэрэжэгъуэу къысхилъхьэмкIэ зызогъэнщIыж.

Чырбыш заводыр здэщытымкIэ дыщыIащ япэ илъэсхэм. Дызыщ Iэс унэр жьы хъуат, сабий гупищ диIэу арат, дызыхуэныкъуэхэри куэд хъурт. Ауэ сыт хуэдэ щытыкIэ дихуами, ди гъэсэнхэм датеплъэкъукIакъым. Мыбы дыкъызэрыIэпхъуэрэ илъэс 17 мэхъу. Дгъэкъабзэщ, зетхьэщ, зыхуей хуэдгъазэри дыкъэкIуауэ щытащ. Пэжщ, ди IуэхущIапIэр иджырейуэ дэщIеякъым, пщIантIэм и джэгупIэхэр щIэкъым, садыщIэ яухуэхэм хуэдэу сабийм уазэрыдэлажьэ псомкIи нэсу дызэпэщу схужыIэнукъым. Ауэ сабий сад нэхъ пэрытхэм дащыщщ, ди ехъулIэныгъэхэм я лъэныкъуэкIэ. Уеблэмэ адэ-анэхэм я быныр ди деж кърашалIэмэ нэхъ къащтэ. Сыту жыпIэмэ, ди пIалъэр ящIэ, ди лэжьэкIэр ягъэунэхуащ. Хэт и сабий нэхъыжьхэр дэ щIэдгъэкIащи, нэхъыщIэхэри къытхуешэ, хэти ди хъыбарыфI зэхехри, дыкъыхех.

**- Зы IуэхущIапIэ и унафэщIу ущытыныр тыншу къыщIэкIынутэкъым...**

- Си щIыбагъым си унагъуэр къыдэтащ япэ махуэхэм щегъэжьауэ, лэжьыгъэ IэнатIэм текIуадэ зэманымрэ гуащIэмрэ къызыгурыIуэ си щхьэгъусэм къыздиIыгъщ Iуэхуу зызэспщытыр.

**- Сабий садым къекIуалIэхэм заужьын папщIэ сыт нэхъ фызэлIалIэр?**

- Пщэдджыжьым адэ-анэхэм сабийхэр къытхуаша нэужь, махуэм ахэр зыхуей зэрыхуэзэнумкIэ ягурэ я щхьэрэ зэтелъу щIэкIыжмэ, ар дзыхь къызэрытхуащIым и нэщэнэщ. МыдэкIэ дэ мардэ щхьэхуэм дытету долажьэ. ЦIыкIухэр щIэх-щIэхыурэ зэпеуэ хэдгъэтщ. Зэрызэпебгъэуэн мащIэ?! Усэ къеджэнкIэ, къафэкIэ, сурэт е IэрыкI гъэщIэгъуэнхэр щIынкIэ. Зэпеуэм и мыхьэнэр сыт жыпIэмэ, абы сабийр нэхъыфI зэрыхъунум и гур хуэпабгъэу къегъэхъу. Махуэшхуэхэр щIэщыгъуэу яхудогъэлъапIэ. Бгъэгуфlэху, я гур утIыпща мэхъу, я гупсысэхэр къызэрокI сабийхэм.

**- ГъэсакIуэхэм уахуэарэзы?**

- Ди гъэсакIуэхэр фIым я фIыжщ. Илъэс куэд хъуауэ лажьэхэри, нэхъ щIалэхэри диIэщ. А зи щIалэгъуэхэри нэхъыжьхэм ядоплъей. Сабий гъэсакIуэхэм папщIэ къызэрагъэпэщ зэпеуэхэм жыджэру хэтхэщ, ехъулIэныгъэ щызыIэрамыгъэхьи къэхъуркым. Арэзы сыкъащI лэжьыгъэм хуаIэ бгъэдыхьэкIэмкIэ, зыгуэр къалэн ящыпщIамэ, абы щIэщыгъуагъ гуэр халъхьэ Iэмал имыIэу. Нэхъыщхьэжращи, сабийр къыдахьэхыф, и бзэр ящIэ. Гупым щIэсхэм бгъэдыхьэкIэ зырызыххэ хуаIэщ, нэгъуэщIуи хъунукъым. Улахуэ щхьэкIэ ущылэжьэн щIыпIэкъым сабий садыр. ЦIыкIухэр гурэ псэкIэ зыхэпщIэн хуейщ, абы и псэ махэм ухуэсакъыу. А псори яхэлъщ ди гъэсакIуэхэм. Сэри сыунафэщI ткIийкъым. Гуапагъэм къимышэ фIы щыIэу къыщIэкIынукъым. Зы унагъуэ дахэм хуэдэу дызэдолажьэ, дызочэнджэщ, дыкъызэдокIуэкI.



**- Гу зэрылъыстамкIэ, цIыкIухэм я гум лъэпкъ гупсысэ къыщыгъэушынми гулъытэ хуощI...**

- Ди жагъуэ зэрыхъущи, сабийхэм я бзэр щащыгъупщэ, нэхъ пэжу жыпIэмэ, щыIэпауд зэманщ иджыпсту. Абы дытегузэвыхь къудей мыхъуу, ди деж къекIуалIэ цIыкIухэм зацIыхужу къыдэкIуэтеиным догугъу. Бзэр, хабзэр, щэнхабзэр я гум зэрыщытхъумэным и ужь дитщ. Дауи, абы папщIэ къэдгъэсэбэпыр сабийм и ныбжьым тещIыхьа Iэмалхэрщ. Псалъэм папщIэ, гущэхэпхэм теухуауэ теплъэгъуэ цIыкIухэр ягъэхьэзыр, адыгэ шхыныгъуэхэр ирагъэцIыху, усэ цIыкIухэр ирагъащIэ. Бзэм, ныпым, фащэм я махуэхэр гъэлъэпIэным сабийхэр къыхыдошэ! Псалъэм къыдэкIуэу, ди гъэсакIуэхэм Ныпым и махуэм ирихьэлIэу гъэсэнхэм нып цIыкIухэр я IэкIэ ирагъэщI. Ар сабийм и гум ихужынукъым.

Бзэм и Iуэхум теухуауэ зы «ауэ» щыIэщ. Сабий садым щедгъэлъагъумрэ зэхедгъэхымрэ, унэм щыщIагъэбыдэжын хуейщ. Унагъуэм анэдэлъхубзэ щызэхамыхмэ, анэдэлъхубзэкIэ мыпсалъэмэ, хэплъэгъуэ мэхъу. Адэ-анэ куэд я бынхэм урысыбзэкIэ йопсалъэ. Абы Iэмал хуэдгъуэтыркъым.

**- Илъэс къихьам мурад хуэфщIа?**

- Мазаем «Илъэсым и гъэсакIуэ» зэпеуэр екIуэкIынущ. Абы зыхудогъэхьэзыр. МыдэкIэ, сабийхэм папщIэ длэжьхэм зэпыу иIэкъым, зэманыр щIэщыгъуэ зэращытщIын, гъэсэныгъэ зэрахэтлъхьэн - аращ ди гупсысэр зытеухуар.

*Епсэлъар* **ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

# Гукъыдэж къозыт гъэлъэгъуэныгъэ

**Иджыблагъэ «Гранд-Кавказ» хьэщIэщым ИлъэсыщIэм хуэгъэпса гъэлъэгъуэныгъэ къыщызэIуахащ.**

- Я гъащIэм къыщыхъуа хъыбархэмрэ Iуэхугъуэхэмрэ цIыхухэм Интернетымкiэ тыншу зэIэпах. Аращ «Стори» гъэлъэгъуэныгъэм къежьапIэ хуэхъуар, - мы псалъэхэмкIэ зэIущIэр къызэIуихащ КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Къаныкъуэ Жаннэ.

Абы щыплъагъу дэтхэнэ лэжьыгъэми хъыбар гъэщIэгъуэн иIэщ. Псалъэм папщIэ, сурэтыщI цIэрыIуэ Шэшэн Юрэ, абы и щхьэгъусэ Еленэрэ и анэ Верэрэ я Iэдакъэщ IэкI куэд утыку къырахьащ.



Щэмей Руслан Iуащхьэмахуэ и теплъэ ищIар таурыхъым къыхэкIа хуэдэт. Апхуэдиз лэжьыгъэ зытращIыкIа бгы уардэм сурэтыщIым нэгъуэщIынэкIэ урегъэплъ.

Насып Маргаритэ сурэт щIын зэрыщIидзэрэ куэд мыщIами, и Iэзагъкiэ сурэтыщI цIэрыIуэхэм къакIэрыхуркъым.

- ЗэрымыщIэкIэ тщIауэ жыпIэ хъунущ мы гъэлъэгъуэныгъэр. Ди жэрдэмыр къыддэзыIыгъа сурэтыщIхэм я лэжьыгъэхэрщ флъагъур, - къыджиIащ Къаныкъуэ Жаннэ.

Абы лъэIукIэ захуигъэзащ зэIущIэм кърихьэлIахэм: щхьэж и Инстаграм напэкIуэцIым гъэлъэгъуэныгъэм щыщу игу ирихьа лэжьыгъэмрэ теухуа хъыбар кIэщIрэ иратхэну. ТекIуар Ерчэн Еленэщ. Абы ИлъэсыщIэм и дамыгъэ Уае Дадэ тыгъэ хуащIащ.

**ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.**

# Мы махуэхэм

**ЩIышылэм и 15,**
***щэбэт***

♦**Урысей Федерацэм СледствиемкIэ и комитетыр къыщызэрагъэпэща махуэщ (2011 гъэм)**
♦**Википедием - ИнтернеткIэ къагъэсэбэп щIэнгъуазэм - лэжьэн щыщIидза махуэщ (2001 гъэм)**
♦**1890 гъэм** къалъхуащ адыгей усакIуэ, композитор, IуэрыIуатэдж **Къубэ Шэбан**.
♦**1906 гъэм** къалъхуащ 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шудзэм и комиссару щыта, Ленинымрэ и цIэр зезыхьэ, Вагъуэ Плъыжь орденхэр зыхуагъэфэща **Хьэтыкъуей Iэбубэчыр**.
♦**1912 гъэм** къалъхуащ къэрал, политикэ лэжьакIуэ, КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщIу 1957 - 1969 гъэхэм щыта **Ахъуэхъу Аслъэнбий**.
♦**1932 гъэм** къалъхуащ пшынауэ Iэзэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артисткэ **БырмамытI Гуащэкъарэ**.
♦**1936 гъэм** къалъхуащ КъШР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ, IуэрыIуатэдж, жылагъуэ лэжьакIуэ **Шэрджэс Алий**.
♦**1962 гъэм** къалъхуащ дин лэжьакIуэ, Кавказ Ищхъэрэм ис муслъымэнхэм и зэзыгъэуIу центрым и унафэщIхэм ящыщ, дунейпсо ислъам зэщIэхъееныгъэм и президент **ПщыхьэщIэ Шафихь**.
♦**1965 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и корректор, «Голос Чегема» газетым жэуап зыхь и секретарь **Щоджэн Иннэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэс къыщесынущ. Махуэм хуабэр градус 1- 2, жэщым щIыIэр градуси 7 - 5 щыхъунущ.

**ЩIышылэм и 16,**
***тхьэмахуэ***

♦**Мыл зыщIым, лъэрыжэкIэ къыщажыхь щIыпIэхэм ар тезылъхьэм и дунейпсо махуэщ**
♦**1922 гъэм** Балъкъэрыр Горскэ АССР-м къыхэкIащ икIи Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областыр РСФСР-м хэту къэхъуащ.
♦**1929 гъэм** къалъхуащ УФ-м и ЛIыхъужь, СССР-м щIыхь зиIэ и кхъухьлъатэзехуэ-къэхутакIуэ **Мэзэхъу Владимир**.
♦**1932 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и член-корреспондент **Тембот Аслъэнбий**.
♦**1943 гъэм** къалъхуащ пшынауэ Iэзэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, АР-м и цIыхубэ артист **ЛIыцIэрыIуэ Ким**.
♦**1956 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ **Къашыргъэ Мухьэмэд**.

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэс къыщесынущ. ЩIыIэр махуэм 1 градус, жэщым градуси 5 - 4 щыхъунущ.

**ЩIышылэм и 17,**
***блыщхьэ***

♦**Сабийхэм къагупсыса, зэпкъралъхьа Iэмэпсымэхэм я махуэщ**
♦**1939 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **Щомахуэ Лев**.
♦**1942 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Темрокъуэ Анатолэ**.
♦**1942 гъэм** къалъхуащ США-м и мызакъуэу, дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа боксёр, олимп чемпион **Мохаммед Али** (и цIэ-унэцIэ дыдэр **Кассиус Марселлус Клейщ**).
♦**1950 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **ПащIэ Еленэ**.
♦**1956 гъэм** къалъхуащ шэрджэс еджагъэшхуэ, химие щIэныгъэхэм я доктор **Темырдащ Зэуал**.
♦**1966 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, культурологие щIэныгъэхэм я кандидат **Къумахуэ Мухьэдин**.

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 3 - 2, жэщым градуси 5 - 4 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**ГуэшакIуэ Iыхьэншэщ.**

# Пшыналъэр зэчыр зыхуэхъужа Гуащэкъарэ

**Урыс-Кавказ зауэм и гуащIэгъуэм хиубыдащ иджы Къэрэшей-ШэрджэскIэ зэджэ Хьэжрэт Къэбэрдейм и къэунэхугъуэр. «Къэбэрдейр ди IэмыщIэм илъщ, къэбэрдейхэр иджыри илъкъым», - иратхэрт урыс генералхэм Мэзкуу ирагъэхь дэфтэрхэм. А щIыналъэм щыщт Япэ дунейпсо зауэм и зэманым адэжь щIыналъэр ябгынэныр зи натIэ хъуа БырмамытI зэкъуэшищыр. Революцэ къэблагъэр фIым ущызымыгъэгугъ хъыбаркIэ уэркъ унагъуэм къыщыпежьэм, зэшитIым хуабэуз къызэуэлIа языхэзыр Къэбэрдейм къашэжри, езыхэр Хэкум икIахэщ, сымаджэр лIэмэ, ар щIалъхьэжыныр благъэхэм пщэрылъ хуащIри. Тыркум щытIысу иужькIэ хэкущIэ хуэхъуа Йорданием и лIыкIуэу щыта, пащтыхь Хъусен и щхьэхъумэхэм я Iэтащхьэу, Йордан дзэм и штабым и унафэщIу лэжьа БырмамытI Фоуаз ди газетеджэхэм яцIыхупхъэщ. Ауэ куэд щыгъуазэкъым хуабэузым имылIыкIыу Къэбэрдейм къина зэкъуэшхэм я ещанэм иджыпсту Хэкум щыпсэу БырмамытIхэ къызэрытехъукIар. А лъэпкъ хьэлэмэтым щыщт илъэс бгъущIкIэ узэIэбэкIыжмэ, щIышылэм и 15-м дунейм къытехьауэ щыта, КъБР-м щIыхь зиIэ артисткэ цIэ лъапIэр зезыхьа пшынауэ Iэзэ БырмамытI Гуащэкъари. И дунейр ихъуэжыным илъэс зыбжанэ иIэу «Адыгэ псалъэм» и хьэщIэщым къытхуеблэгъауэ щыта бзылъхугъэ губзыгъэм и ущиехэр гъуазджэми езы гъащIэми хэт дэтхэнэ зым и дежкIэ нобэми щхьэпэщ.**



## ДэнэкIэ удаIуэми, «кIыритI-мыритIщ» я нэхъыбэр

Сэрмакъкlэ зэджэ адыгэ къуажэм зы хъыджэбз цIыкIу щыпсэурт... пшынэ ирамыгъауэу. И шыпхъу нэхъыжьыр пшынауэ Iэзэт, ауэ а зэманым а IэщIагъэр куэдым зэрамыIэм къыхэкIыу, унэрыхьэ-унэрыкIыу гуфIэгъуэхэм къыщрашэкI пшынауэхэр гугъу ехьырт. Унагъуэ ихьа и шыпхъур къыщашэжым жэщ псокIэ къуажэр къызэхэзыкIухьу пшынауэ зымыгъуэта адэм тхьэ иIуэри, ипхъу нэхъыжьыр пшынауэ ищIакIэт. Ауэ иIуэтэжа нэужь, пшынауэу ущытыным пылъ гугъуехьым пхъу нэхъыщIэр щахъумэн мурадкIэ иджы хъыджэбз нэхъыщIэм пшынэр фIагъэпщкIурт. АрщхьэкIэ, Iущым зэрыжиIащи, Iэзэм зебгъэужьыну ухуеймэ, Iэмал иумыт: хэлъэт зиIэм езым и гъуэгу къигъуэтыжынущ. Нэхъыжьхэр губгъуэм лэжьакIуэ щыIэху, школым къикIыжа хъыджэбз цIыкIум, ар ебланэ классым щIэс Гуащэкъарэт, пшынэ гъэпщкIуар къигъуэтырти, пшыналъэр къызэрихырт...

*БырмамытI Гуащэкъарэ:*

*- Зы ноти сщIэркъым, игъащIэм нотэкIи сеуакъым. Адыгэ къафэмрэ нотэмрэ зэбийщ. Сэ гурыгъуазэкIэт Iэпэхэр къызэрысщтэр. Пэжщ, уэрэдыр хуейщ нотэ, ауэ къафэм и «псэр» пшынауэращ. Абы зыхимыщIэр, Iэпхъуамбэр и чэзум теппIытIэ къудей щхьэкIэ, пшынэм къикIынукъым.*

Гуащэкъарэ и пшынэ еуэкIэр хьэрфкIэ къыпхуэмыIуатэми, пшынэбзэ зэгъэзэхуар абы и псэлъэкIэм къыфIыхохьэ. Таурыхъым хэта хъыджэбзыфIым ещхьу, псэлъэху и Iупэхэм «удз гъэгъа е мывэ лъапIэ къаIэпоху».

Нэхъыжьхэр щыпсалъэм и деж я зэманыгъуэр къэзымыгъэзэжын фIыгъуэу уи нэгу къыщIагъэхьэ. Нэхъыбэм ар къызыхэкIыр лъэхъэнэжьыр щIалэгъуэ блэкIам и дамыгъэ зэрыхъур арагъэнщ. Сыт-тIэ Гуащэкъарэ «и зэманым» щыIауэ иджы щымыIэжыр? Пшынэ? Къафэ? Хьэуэ. Иджы пасэм ящIэу щымыта къафэжьхэри къагъуэтыжащ, щIалэгъуалэми адыгагъэм зратауэ къэфэнри, пшынэ еуэнри, уэрэд жыIэнри я щIасэщ. Ауэ...

*- Иджырей къафэхэри уэрэдхэри дэ щыгъуэ щыIахэм зэи ялъэщIыхьэнукъым. Ар езы зэманым къиша Iуэхущ. Мис, нобэ мывэ бдзымэ, пшынауэм е уэрэджыIакIуэм техуэнущ, ауэ щыхъукIэ Нэхущ Чэриму щыIэр зыщ. ДэнэкIэ удаIуэми, кIыритI-мыритIщ я нэхъыбэр. Чэримщи - нэхъ къыфIэмыIуэху дыдэу жиIэ уэрэдым азэн къаджэм хуэдэу уодаIуэ, зэчыр жиIэ фIэкIа пщIэнкъым.*

## Дамэ стетамэ, сылъэтэнт

Гуащэкъарэ и щIалэгъуэр иджы тхыдэ хъужащ. «Къэбэрдей народыр езым и псэм фIэфIу» Урысейм гуэтт, республикэм лъэпкъым и фIэщIыгъэр зэрихьэрт, IуэхущIапIэхэр зэрылажьэри дэфтэрхэр зэрызекIуэри адыгэбзэт а зэманым.

*- 1950 гъэрат сэ «Кабардинка» ансамблым сыкъыщащтар. Иджы зэпеуэ ирагъэкIуэкI, абы щыгъуэм къэпщытакIуэхэм ущIашэурэ щхьэхуэу къодаIуэрт. Сэ къызэдэIуахэм Къашыргъэ КIурацэ яхэст. «Мыр бутIыпщыж хъунукъым»,- жаIэри, етIуанэ махуэм сыкIуэну унафэ къысхуащIащ, нэгъуэщI зы пшынауэ яIэти, ар IуагъэкIыжащ. КIурацэ пшынэ бэлыхь иIыгът, сэри зи пIэкIэ сыкъащтам ейр къысIэщIалъхьэри: «Иджы мыбы еуэт, иджы - адрейм» жиIэурэ КIурацэ макъамэр иришажьэу, сэ абы сыкIэлъеуэурэ зыкъомым сригъэсащ. ФIыщIэр сыт щхьэкIэ гъэкIуэдын хуей, КIурацэ къаруушхуэ къыстригъэкIуэдащ, и лэжьыгъэшхуи схэлъщ. Iэпхъуамбэ курытыр хэзгъэхьэфыртэкъым сыщеуэкIэ, арати, и щхьэгъусэри езыри къызэлIэлIащ: «А уи Iэпхъуамбэ цIыкIур хэмыхьэу хъунукъым», - жаIэурэ. А гъуагъуиплIрат адыгэ пшынэу щыIэр, Iэпэ пщыкIух е пщыкIуий хъууэ. Иныкъуэхэм Къэзан кърашырт, ауэ пшынащIэ Iэзэхэри щыIэт.*

*«Кабардинка»-р къэунэхуагъащIэти, тIысыпIэ къахуэмынэжу цIыхухэр концертхэм къекIуалIэрт. Совет зэманыр лэжьакIуэм ейтэкъэ: «Iэщыхъуэхэм я махуэт» хьэмэрэ «НартыхугъэкIхэм я махуэт» - сыкъызэращтэрэ махуищ фIэкIа дэмыкIауэ, Къашыргъэ КIурацэ сымаджэ мэхъу. Репетицэ сагъэщIри арэзы хъуахэщ, етIуанэ махуэм сыкIуэну къызжаIащ, арщхьэкIэ концертым сызэрыхэтын бостей сиIэтэкъым. И чэзум сыкъакIуэри: «Сэ бостей сиIэкъым»,- жысIэри сакъыхуэуващ. «Умыгузавэ, КIурацэ и фащэр къыпхуэтхьащ», - къызжаIащ. КIурацэрэ сэрэ дызэхуэдизти, схуэфIыпсу схуэкIуащ и бостейр, и пшынэри къысIэщIалъхьащ. Пшынэ уеуэныр-зы, къэфакIуэм зыкъыбдригъэкIуфын хуэдэу къафэр къибгъэкIыныр - етIуанэ. Концертыр щиухам, дамэ стетамэ сылъэтэнт, апхуэдизкIэ си гур хэхъуэрт, сыщымыуэу зэрезгъэкIуэкIыфам щхьэкIи.*

## Нэхущ уджыр

Телефоныр къемыжьэ щIыкIэ, гухэлъэрэ хъыбаррэ зэIэпыхын къалэныр уэрэдхэмрэ письмохэмрэ ягъэзащIэу щытащ. «Къызэпсалъэ, телефонкIэ къызэпсалъэ», - мэлъаIуэ совет зэманым цIэрыIуэу щыта уэрэдхэм ящыщ зыр. «Смс» къысхуегъэхь!» -жеIэ нобэрей уэрэджыIакIуэм. Ауэ дунейр иджыри «кIапсэкIэ щызэпамыщIа» зэманым щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ я гурылъхэр зэрызэлъэIэсыр уэрэдрэ къафэкIэт.

Нэхущ уджыр ирагъажьэ,
ЗэIэпэгъуххэри йоуджэкI.
Уэ зым си нэр птедиями
НэгъуэщI щIалэхэмкIэ усфIоплъэкI.
Дыздэуджу дыздытетым
Собзэрабзурэ узошэкI.
Си хъуэрыбзэхэм уемыдаIуэурэ
НэгъуэщI щIалэхэмкIэ усфIоплъэкI.
Си гум къеуэу лъагъуныгъэм
СыщIэупщIэурэ сыпхуоплъэкI.
Жэуапыншэу сыкъогъанэри
НэгъуэщI щIалэхэмкIэ усфIоплъэкI.
Уэ упагэмэ сыерыщкъэ,
Ерыщагъри къызобэкI.
Лъагъуныгъэм уезгъэщIынкъэ
НэгъуэщI щIалэхэмкIэ уемыплъэкI.
ФIыщэ Iейурэ услъэгъуащ...

Мы уэрэдым и псалъэхэри и макъамэри зэхэзылъхьа ДыщэкI Залымхъан Гуащэкъарэ зэрыдэпсэуар илъэс закъуэщ. Мылицэм хэт щIалэм усэбзэри макъамэри хуэжыIэщIэу а зэманым зыри щыгъуазэтэкъым. Уэрэд зыхилъхьар радиом ихьри абы и унафэщIым елъэIуащ Гуащэкъарэ иригъэдэIуэну.

*- «КхъыIэ, къомыт радиомкIэ!» - селъэIуащ редакторым. «Дауэ къызэрызмытынур, сэ езым къызолъыхъуэ мыпхуэдэ уэрэд!» - жиIэри сызытригъэхьакъым.*

## Шууищэ щхьэкIэ дыкъикIуэтынукъым

Дуней псом тегуэша адыгэ лъэпкъым зи лъабжьэр щыукъуэдия БырмамытIхэ зэпэIэщIэ ищIарэ нэхъ гъунэгъу зэхуищIыжарэ жыIэгъуейщ, Гуащэкъарэ и къуэпсыр здынэса къэралхэм уащыхэплъэкIэ. Абы хеубыдэ и къуэрылъху хъыджэбзыр щыпсэу Йорданиери, и пхъурылъху пщащэм и насып къыщигъуэта Америкэри. Ахэр зыхэхуа хамэ къэрал адыгэ унагъуэхэр сыт щыгъуи хьэзырщ анэшхуэ цIэрыIуэр ирагъэблэгъэну. Ар икIи Гуащэкъарэ мызэ-мытIэу къехъулIащ - Йорданием Къатхэ я деж, Чыгъэдухэ я деж Нью-Джерси штатым мызэ-мытIэу щыIащ. Хэкум Гуащэкъарэ зэм и пхъум деж Налшык, зэм и къуэм деж Къармэхьэблэ щожьыщхьэ махуэ. «Адыгэ унагъуэжьу допсэу, шууищэ щхьэкIэ дыкъикIуэтынукъым», - и псалъэ къэс егъэблагъэр щIагъыбзэу щIэту мэуэршэр Гуащэкъарэ. Ауэ нобэ пшынэм нэхърэ игу нэхъ дыхьэр зэчырхэращ.

*- Уи гур арэзы зытехъуа гъащIэ дахэ къыущитакIэ, узэрылIэжынур щыпщIэкIэ, уи жьы хъугъуэм нэхъ узэлIэлIапхъэр муслъымэныгъэращ. Жэщи-махуи зэчыр седэIуэнт!*

Политикэ лъэхъэнэ куэдым пхыкIа, хамэ къэрал зыбжанэм адыгэ псэукIэм щыхэплъэну Iэмал зиIа Гуащэкъарэ къыджиIащ нобэрей Iуэху зехьэкIэр къызэрыщыхъури:

*- СыщыщIалэми иужьыIуэкIи сыщыIащ къэрал куэдым, адыгэ псоми я псэукIэм сеплъащи, нобэ адыгэм и Iуэхур дэкIыу сэ схужыIэнукъым. ЗыщIыпIи щыщIагъуэкъым. Ауэ фIым ущымыгугъмэ, улIа пэлъытэщи, фIым щыгугъыпхъэщ, нэхъыфIыр Тхьэм къыхуищIэ дэнэкIэ щыIэ адыгэми. Алыхьу дыкъэзыгъэщIам сыт и лъэныкъуэкIи ди лъэпкъри ди цIыхури иригъэфIакIуэ, пщэдейрей махуэр фIыкIэ къызыIущIэн Тхьэм дищI!*

**ЧЭРИМ Марианнэ.**

# ЩIэныгъэлI гъуэзэджэт



**Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор ЩIДАА-м и вице-президенту щыта, Естественнэ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием, ЩIэныгъэмрэ гъуазджэхэмкIэ Петровскэ академием, Технологие щIэныгъэхэмкIэ Урысей академием хэта, РАН-м и КБНЦ-м физикэмрэ астрономиемкIэ и щIэныгъэ советым и унафэщIу лэжьа Темрокъуэ Анатолэ къызэралъхурэ илъэс 80 мы махуэхэм ирикъунущ.**

ТЕМРОКЪУЭР и лэжьыгъэфIхэмкIэ къыщацIыху ди республикэми, Урысейми, нэгъуэщI къэрал куэдми. Абы иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр щIэныгъэм пыщIахэм ноби къагъэсэбэп. ФIыкIэ цIыхухэм я гум къагъэкIыж.

Темрокъуэ Анатолэ 1942 гъэм щIышылэм и 17-м Тэрч щIыналъэм хыхьэ Болэтей къуажэм къыщалъхуащ. Зэман гугъум и сабиигъуэр хиубыдами, ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьэу ар курыт школми еджапIэ нэхъыщхьэми щеджащ. Къэралым къулыкъу хуищIэу къигъэзэжа нэужь, 1966 - 1969 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым теоретическэ физикэмкIэ иIэ кафедрэм и аспирантурэр къиухри, 1973 гъэм кандидат, 1983 гъэм доктор лэжьыгъэхэр пхигъэкIащ.

КъБКъУ-м теоретическэ физикэмкIэ иIэ кафедрэм и ассистенту къыщIидзэри, профессор хъуащ. Университетым физикэмрэ математикэмрэ зэрыщрагъэджыр егъэфIэкIуэным и гуащIэ куэд хилъхьащ абы.

1975 гъэм ар КъБКъУ-м теоретическэ физикэмкIэ и кафедрэм и унафэщIу ягъэуври, 2001 гъэ хъухукIэ абы щылэжьащ. Еджагъэшхуэм и жэрдэмкIэ 1970 - 1990 гъэхэм ди университетым къэралым и щIэныгъэлI нэхъыфIхэр лекцэ къыщеджэу зэтраублауэ щытащ.

Зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ егъэджакIуэт Темрокъуэр. Студентхэм ябгъэдилъхьэ щIэныгъэр фIэмащIэрэ нэхъыбэ зэражриIэным, зэраригъэлъагъуным хущIэкъуу, зэманыр сыт щыгъуи къемэщIэкIыу, езы еджакIуэхэми фIы дыдэу къалъагъуу, чэнджэщкIэ зыкъыхуагъазэу апхуэдэт.

Университетым зэрыщылэжьам къыщымынэу, Анатолэ нэгъуэщI Iуэху щхьэпэхэри зэрихьащ. Ар хэтащ УФ-м и Правительствэм и нэIэм щIэту лажьэ, фундаментальнэ къэхутэныгъэхэмкIэ фондым и советым. 1996 гъэм Темрокъуэр ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и вице-президент хъуащ. ИужькIэ технологие щIэныгъэхэмкIэ Урысейм и академиеми хагъэхьауэ щытащ.

Зи гур зэIухауэ лэжьыгъэм бгъэдэта Темрокъуэм и къалэмыпэм къыпыкIащ къэхутэныгъэ лэжьыгъэу 100-м нэс. ЕхъулIэныгъэ иIэу иригъэкIуэкI щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщIафIэм къыдэкIуэу, Анатолэ гудзакъэ иIэу пэрытащ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iуэхуми. Абы и куэдщ и Iуэхум къыпызыща гъэсэнхэри. Апхуэдэу ар аспирант куэдым я кандидат лэжьыгъэр пхагъэкIынымкIэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуащ, и еджакIуэхэм ящыщу тIур физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор хъуащ.

КъыдэкIуэтей щIэблэм Анатолэ псэ хьэлэлу зэрадэлэжьар гулъытэншэ хъуакъым. Абы и щыхьэтщ щIэныгъэлIым щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр мызэ-мытIэу къызэрыхуагъэфэщар. И ныбжьэгъухэм, и Iыхьлыхэм къызэраIуэтэжымкIэ, езыр хуабжьу цIыху щабэу, укIытэхыу, зэпIэзэрыту щытащ. Къэзыухъуреихь псоми игури и псэри яхуэзэIухауэ, дэтхэнэми зыщIигъэкъуэну, дэIэпыкъуну хьэзыру апхуэдэт. Физикэмрэ математикэмрэ я закъуэтэкъым ар зыхуэIэижьыр, атIэ ар дахэ дыдэуи фортепианэ еуэрт, сурэтыщI Iэзэт, усэ итхырт, спортми дихьэхырт.

ЛIы щэджащэр ноби зэращымыгъупщэм и щыхьэтщ абы псалъэ гуапэу хужаIэр, и Iуэхущ IафэхэрзэрыIуахътыншэр.

**УЭРКЪ Жыраслъэн.**

# Ацкъан Руслан и усэщIэхэр



* * *

И унэр си адэшхуэм зытета
щIы кIапэм сэ пIейтейуэ сытоувэ.
Джанэбгъэм ещхьу удзыр итIэтащ,
мыбдеж щежэхри псыхьэлыгъуэр
гуфIэу.

Мы щIылъэм гъащIэм щыщу
зыщIифар
щищIэнур псыхьэлыгъуэ
цIыкIум дэнэт.
И зы уэрэд кIэщI дыдэу жиIэфащ,
здэпIащIэм псыежэхыр къигъуэтыну.

ЩIым и мэ гуакIуэм псэр
зэрегъэдзэкI,
щымыIэж унэм солъагъу
сыкъыщIэкIыу...
ЗдэкIуамкIэ псыхьэлыгъуэр
сэ згъэзэнщ,
къыстегуплIа гурыщIэм сыIэщIэкIыу.

Псым жьэдихам зы
мывэ къыдэплъынщ,
игу илъыр иджыпсту
мыгурыIуэгъуэу.
СызэплъэкIыжмэ, пшагъуэ
тIэкIу слъагъунщ,
ар сыту ещхь уэнжакъым
къриху Iугъуэм...

* * *

Бауэ макъыр уэгу гъунэм ноIус,
щэхущ ныщхьэбэ дунейр
апхуэдизкIи.
Адэжь пщIантIэм си закъуэ сыдэсщ,
мы дунейм щесхьэкIам сегупсысу.

Догуэт, сядэм и макъ зэхэсха,
зыхэсщIа сянэ дыщэм и Iэплlэр?
Куэбжэу уафэр, солъагъу, зэIухащ
псэхэр здэкIуэм и пщIантIэм
сыдэплъэу.

Сядэ-сянэр къысфIощI зэбгъэдэс,
къаплъэ фIэкI псалъэ закъуи жамыIэ.
КъыщIэкIынкъым ящыхъуу гунэс
мы дунейм сэ зэфIэкIыу щызиIэр.

Зы бадзэшхуэ кхъухьлъатэу блолъэт,
сыкъыхешри гупсысэм - йожьэжыр.
Сэ ныщхьэбэ гъащIитIым сыхэтщ,
зыщIэр хэт а тIум щыщу нэхъ
пэжыр...

* * *

УекIуэкIыурэ - щIы кIапэ
ухуэзэнщ,
къекIэрэхъуэкI дунейм щымыщ
къыпщыхъуу,
иужькIэ абы хъумэ ухуэзэш,
умыгъуэтыжу, сыт хуэдизри
лъыхъуэ.

Абы ущыхуэзар уэ псэм и гъуэгут,
игъэтыншакъэ зэ нэхъ мыхъуми
уи гур.
ЩIэщыгъуэ мы дунейр ищIыну хэтщ
здэщыIэр зымыщIэж щIы кIапэ
цIыкIум.
Емыщхь ар зыми, икIи псоми ещхьщ,
пэжыжьэщ уафэр, мывэ
лъэгущ зытетыр.
Сымылъэгъуами — зэм гумащIэ сещI,
къысщохъу абы си гъащIэм
щыщи хэту...

* * *

Си гъащIэм сегупсысурэ сыкIуэжт,
щIэныкъуэр сигу сымыщIэт
апхуэдизу.
Си ужь ноувэ хьэ угъурлы гуэр,
йожэкI, къысщигъэхъуну
симыгъусэу.

Си унэр мис, ар ещхькъым
къызэжьам.
Си гъусэм сыIуешэжыр ди бжэIупэм.
Ар, игу къысщIогъу жыпIэну,
къызэплъащ.
Зы псалъэ закъуи къэмыса си Iупэм.

Сыдигъэхьэжри хуэму ежьэжащ,
и нитIыр лыду хыхьэжащ
кIыфIыгъэм.
Сэ унэ сиIэт. Ар мылъыхъуэт хьэщ.
Хэтт зыщIэр абы ибжыр
гурыфIыгъуэу.

Абы сылъыхъуэжынкIи
хъунщ пщэдей,
сыщIэплъэжыну зэ нэ губзыгъитIым.
АрщхьэкIэ нэху ар къыщекIар
дэндеж?
Нэр игъэпщкIунщ,
сыкъицIыхужу щытым...

## ПщIыхьэпIэ

Мазэр игъэпщри сабийм
ириутIыпщхьащи уэгу лъащIэм,
кIэлъоIэбэжыр абы,
къиубыдыжыну мэпIащIэ.

Йошри сабийр мэувыIэж,
сэ къысщыгугъыу къызоплъыр.
Хохьэ си лъакъуэхэм хуэш,
мыхъу, сыбэкъуэну сыпылъми.

ЦIыкIу сыхъужами ярейт,
сыпэрыхьащ Iуэху мытыншым.
Сыкъэмыушатэм арат
мазэр сабийм езмытыжу...

* * *

Щэхуу щхьэщокIри ди унэм,
пшэхэр щотIысыр уэгу гъунэм.

Къоплъэхэр, я нэр мыджылу,
зэхэщIыкI гуэри хэмылъу.

Си пIэм созагъэ щыжысIэм,
хэтщ сытрашэну
гъуэгу жыжьэм.

Дэнэ щащIэну абыхэм
сэ сыщIэдзыхэр, сыдзыхэм.

Дэнэ щащIэну схуэмыхъуу
сыщIехъуэпсэжыр псэхугъуэм...

НэщIщ уафэ гъунэр, сыкIуатэм.
Пшэхэр къызэжьэу слъэгъуати...

## Жьыгъэ

Сэ нэгъуэщI сызэрыхъуам семысэ,
гупсысэкIэр емыщхьыж нэхъапэм.
Сызэпхоплъ дунейм и гъунэм нэскIэ,
мывэр щхьэ къысфIэщIрэ
хъуа нэхъыбэ...

* * *

МафIэр зэм щэхуурэ ес,
зэм тепыIэншэу мэпIэнкIыр.
Сэ мывэ хуабэм сытесщ,
пшэхэр семыплъу блэзгъэкIыу.

МафIэм гупсысэ и куэдщ,
ахэр къэсщIэну сохъуапсэ.
Нэм къыщIэплъэну ар хэтщ,
къехъулIэм - Iэнкун сыхъунщ сэ.

КъэзыгъэщIари сэращ,
ауэ и щэхум сынэскъым.
Къызэбиижми ярейщ,
гъунэгъу зыхуэсщIмэ - сыкъесыр.

Псэр уигъэшхыну хьэзырщ,
уемыбэкъуамэ и хабзэм.
ГурыщIэ куэд къызитынщ,
ар дэп щыхъунум нэзгъэсым.

Дэпыр щыужьыхкIэ — дунейр
мэхъур Iэнкун, мэудэращхъуэ.
СщIэжыркъым сэ сызыхуейр,
сыщисым мафIэм и пащхьэ...

* * *

И гугъэр махуэм зэхэкIыху,
сытохьэ мэзым щIыхьэ лъагъуэм.
Си пащхьэр зэуэ мэхъу нэхъ кIыфI,
щэху гуэрхэр щызэблокI
мэз щIагъым.

АрщхьэкIэ гущIэр сыту нэху,
псэхугъуэр си нэм къыщIоувэ.
Тхьэмпэ щхъыщхъ макъыр
къежэжьэху,
сфIощI жыг къэсыхукIэ
къысхуэгуфIэ.

Хьэуар бгъэм щызу изошэх,
уэгу къащхъуэм щыщ хъужащ
мэз щхьэкIэр.
Сэ къалэм и мэ къыскIэрех.
ТIэкIу соукIытэжыр абы щхьэкIэ.

* * *

Си нэм тIэкIу зезгъэгъэпсэхунт,
яхэзмыгъаплъэу щыIэм икIагъэу.
Абы псэхугъуэ къызимыт -
си нэр зэтеспIэм, си гум елъагъур.

Си гум тIэкIу зезгъэпсэхунт,
гъащIэм щекIуэкIыр езмыгъэщIащэу.
Абыи зыри къызимыт —
гур зыщысхъумэр си нэм къыщIощыр.

* * *

КъысфIэщIыpт бзууэ
щыIэр насыпыфIэу,
насыпри бзууэ сэ щыслъагъут
пщIыхьэпIэм.
Сыпхоплъ иджыри уафэм, тхытхыу
щIыфэр,
лъэтэнум ещхьу сыщхьэщытщ
щыхупIэм.

Жыг щхьэкIэ къэс полъэт
дыхьэшхыу бзухэр,
сагъэлъагъуну зэрылъатэ щIыкIэр.

Си уафэ гъуэгур бзухэм яубзыхур,
сэ зызгъэнщIа я гугъэщ ахэм щIымкIэ.

ЩащIэнур дэнэ бзухэм си гупсысэр,
сащIами иджыпсту тегушхуэгъуафIэ.
Мыпсэуфыну бзухэр къэмытIысу,
псэупIэ сэри схуэмыхъуну уафэр...

* * *

Щыблэм сыщошынэ, жыгым ещхьу,
ар зэмыпцIэ щIыкIэ зыхызощIэ.
Щыблэм сытым дежи сегъэIуэщхъур,
уафэм къеуха къысфIэщIу Iэщэ.

Щыблэ уэнщи - дунейм зеущэхур,
тхъуэбзащхъуэмэ дыджыр си
Iум къокIуэ.
мы теуэгъуэм си гум куэд къыщохъур,
къысфIеблыж гупсысэхэр
къыстокIуэ.

МызыгъуэгукIэ гурыщхъуэщI
сыхъуащ сэ,
уафэри мэхъуэпскI зэкIэлъхьэпыту.
Пшэхэм уафэ лъащIэм зыщагъасэ
щIым щыпсэум псэхугъуэ ирамыту...

* * *

КIуащ мы махуэ гуэрыр.
Сыту кIэщIт.
Уеблэмэ и нэгу сиплъакъым хуиту.
КъыспкърыхьэжынуY къыщIэкIынщ
ар нэхущым, си жейр зэпиуду.

Намыгъэсу къэна псалъэм ещхьщ,
гурыIуэгъуэм нэхъ
нэхъыбэщ щэхур.
Абы къигъэзэжрэ - е нэгъуэщI
уафэ гъунэр къысхуэзыгъэнэхур?

Псори зэхэкIынщ нэхущым деж,
ауэ нэхъыфIынут зэхэмыкIтэм.
ГурыIуэгъуэ защIэр хъуркъым пэж,
гъащIэр сыт, узыгъэIуэщхъу
хэмытым...

* * *

Зэпсалъэр псыежэхыр сыту куэд
къыщхьэщыт уафэм
деж къыщыщIэдзауэ.
Яхэту пIэрэ къызыгурыIуэн
и ткIуэпс къэсыху, гум
ещхьу, къыщIезауэр.

И мывэ къомми сыт къапхупыхын,
щымщ зэпымычу - къызыхэкIыр
къащIэ.
А псори, хулъэкIам, здрихьэхынт -
имыкIмэ я пIэ мывэхэм нэхъ къащтэ.

Сыт щыгъуи хуэдэу ежэхынущ псыр,
хуэзэфIэмыкIыу щыIэм игу хагъэщIу.
И нэщхъыр псыежэхым
къыслъысынщ,
сыкъищIэу щытмэ мывэхэм садэщIу...

* * *

Сыт а псор иджы сэ къызжепIэжкIэ.
си блэкIам схухэхыжынкъым зыри.
Сыхэтами сыпсэуну пэжу,
сыхэхуащ мыхъумыщIэ Iэджэм сэри.

ГъащIэр кIуащ здэкIуэнум,
къемыплъэкIыу,
и лъэкъуампIэ къэс къытринэу си гум.
А лъэужьым япэм псэр есшэкIырт,
изогъэщхь иджы къытенэм щIыгум.

Къызэпхъуэнри сщIынукъым
си жагъуэ,
псом нэхъыфIу сщIэркъэ
сэ уи хьэлыр.
УкъекIынщи нэху ущIегъуэжауэ,
уежьэжынщ, лIэныгъэм
сыкъебгъэлу...

***Нобэ япэу зи тхыгъэ утыку къитхьэ Гуэщокъуэ Ондер теухуауэ зэкIэ тщIэр ар Къайсэр зэрыщыщымрэ адыгэбзэкIэ зэрытхэмрэщ. Гугъэмрэ гужьеигъуэмрэ игъащIэми зэрызэIэпэгъур уигу иримыгъэхуу, Iуэтэжакiуэм и хъыбарым щызэхеухуанэ гъащIэм фIыкIэ фIэкIа щымыгугъ щIалэщIэм и хьэрэмыгъэншагъымрэ зи щхьэ зыгъеиж бзылъхугъэм и гъыбзэмрэ. «Мы хъыбарыр тырку адыгэ IуэрыIуатэм щыщщ, и гъыбзэри Узуняйла щыжаIэу щытащ, - къытхуитхащ Ондер ар къыздикIамрэ езым тхэн зэрыщIидзамрэ я гугъу къытхуищIыну дыщелъэIум. – Сэ литературэ хабзэм техуэу стхыжауэ аращ. Си щIалэгъуэм Хасэм щылажьэ театр гупхэм ягъэувын папщIэ адыгэбзэкIи тыркубзэкIи теплъэгъуэ кIэщIхэр зэхэслъхьэу щытащ, итIанэ мыпхуэдэ хъыбархэр стхыуэ къэзублащ, ауэ тыркубзэм нэхъ сыхуэшэрыуэщ. Къайсэр къалэм сыщопсэу, си ныбжьыр илъэс 55-рэ мэхъу».***

***Уи зэфIэкI здынэсыр бгъэунэхуну зэи кIасэкъым. Iуэтэжыр къызэрыфщыхъуар къытхуэфтхмэ, ари щхьэусыгъуэфI хъунут дяпэкIи тхыгъэ щIэщыгъуэхэм гъуэгу ягъуэтынымкIэ.***

**ЧЭРИМ Марианнэ.**

Гуэщокъуэ Ондер

# Насыпыншагъэ тIуащIэм и гъыбзэ

## Япэ Iыхьэ

1950 гъэт. Хьэмид Iужым къиIукI Iэуэлъауэ макъым къегъэуш. Хуабэмрэ аргъуейхэмрэ зэхыхьэри, нэху щыхукIэ ягъэжеякъым щIалэр. «ПIывв! ПIывв!» - жаIэурэ, и тхьэкIумэ дакъэм тесащ, бзэгурэф хъужахэу.

Хьэмидрэ и къуэш нэхъыжьитIымрэ Узунэйла шы хъушэ ирахури, Аданэ къалэм яшауэ арат. Я адэм зи гугъу ищIа и ныбжьэгъур къагъуэтщ, шыхэр иратщ, ахъшэр къыIахри, я Iуэхур зэфIагъэкIащ. КIуэжыну загъэхьэзыррэ пэт, Хьэмид и къуэш нэхъыжьхэм яжреIэ: «Фэ занщIэу вгъэзэж, сэ тIэкIу къэскIухьынщи, махуэ зыбжанэ дэкIмэ, сынэкIуэжынщ». И къуэш нэхъыжьым зихъунщIами, абы къыкIэлъыкIуэм жиIащ: «Хъунщ, кIэрыкI! И щIалэгъуэщ, дунейр ирелъагъу, ахъшэ тIэкIуи ети утIыпщ». Ар щызэхихым, и къуэш нэхъыжьым гъумэтIымэурэ ахъшэфI къритри, хуит къищIащ.

Хьэмид и шым елъэдэкъауэри, ежьащ, хы Iуфэм кIуэн и мураду. Ауэ щыуэри, Iурфэ къалэм кIуауэ къыщIэкIащ.

Жэщыр «хъан» жыхуаIэ, гъуэгурыкIуэхэм яшри, яври, я хьэпшыпхэри я гъусэу нэху къыщекI, зыгъэпсэхупIэ яхуэхъу хьэщIэщым щигъэкIуащ щIалэм. Пщэдджыжьым хъаным и пщIантIэм къыдэуващ. КъатитIу зэтетт ар. И щхьэм цIыхухэр, и лъабжьэм – шы, вы, хьэпшып хуэдэхэр щызэхэлът. ПщIантIэшхуэм выгу, шыгу зыбжанэ щызэхэтт. ЩIэзытIыкIи, щIэзыщIэжи, къеблагъи, ежьэжи, цIыху Iэджэ щызэблэкIырт.

Хьэмид Iужым дэт псынэ цIыкIум еувалIэри, и нэкIум псы тIэкIу щIикIащ, итIанэ и шым зыхуигъазэри: «Фоч!» - жиIэу, егуоуащ.

Шы пцIэгъуэплъ цIыкIум зыкъегъазэри, и щхьэр игъэсысурэ къыхуощыщ. Хьэмид и шым бгъэдохьэри, и натIэм йотIэхъу, и пщэм Iэ делъэ, модрейри и пэнцIывымкIэ щIалэм и бгъэм щабэу къытоIунщIэ.

Фоч теплъэкIэ адрей шыхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ лъагэт икIи нэхъ дахэт. ЦIыху зыбжанэ къеувэкIауэ къызэреплъым гу лъетэ Хьэмид. Зым зыкъыхуегъазэри, курдыбзэкIэ зыгуэрхэр къыжреIэ. КъызэрыгурымыIуар къыщищIэм, хьэрыпыбзэ зыкъиищIри къепсэлъащ. Щымыхъужыххэм, тыркубзэкIэ: «Буну бана сат!» («Мыр сэ къызэщэ!») – къыжреIэ.

Хьэмид идэркъым:

- ЙокI (Хьэуэ!).

- Iийи пара вэрэрым! (Ахъшэфl уэстынщ!).

Хьэмид:

- ЙокI дэдымйа! (Хьэуэ, жысIакъэ?!).

ЩIалэ жьакIэцэжьым «узэрыхуейщ» къригъэкIыу, и дамэхэр дригъэлъейри, IукIыжащ.

Хъантетыр къыщIэкIауэ Хьэмид и дежкIэ къокIуэ иджы. Щхьэ хъуреишхуэу, и нэкIум пащIэкIэ гъумыжьитI къелэлэхрэ, ныбэфрэ-ныбэфу зыгуэрт езыр. ЩыдыхьэшхкIэ и жьэр зэрызэтришыфкIэ зэтришырти, и къурмакъейм тыншу уиплъэфырт. Жыбгъэм кърихужьа банэ хъурейм ещхьу зекIунтIриеу къекIуэталIэри, дыхьэшхыурэ Хьэмид къыбгъэдыхьащ.

Фоч и пащхьэм илъ мэкъу тIэкIур кърагъэлъагъуурэ, и шым зэрыкIэлъыплъар къыгуригъэIуэну хэту, иришажьэри, псалъэхэр и жьэм хьэнцэкIэ къыжьэдадз фIэкIа умыщIэу, зыкъом къыжьэдэлъэлъащ. Хьэмид зыри къыгурыIуакъым хъантетым жиIахэм щыщу. Ауэ къыгурыIуа хуэдэу, и Iэпхъуамбэр хуигъэсысурэ, тыркубзэкIэ псалъэу ищIэ зыбжанэр зэпигъэувэри: «Си шым и щхьэ зыгуэр кърикIуэмэ, сэ уэ сыпхурикъунщ!» - къригъэкIыу, трибжащ.

Хъантетыр и бгъэц тхъуахэм здетIэхъум, Хьэмид жиIахэм зы мыхьэнэ къригъэкIыну гупсыса щхьэкIэ, зыри хузэпыгъэувакъым. Щымыхъум, и Iэри и щхьэри игъэсысу, и гъуэншэдж пхалъэ быхъури зэридзэу, Iуигъэзыкlыжащ. «Сыту пIэрэ мыбырэ сэрэ къэдуэршэрар?» - йогупсыс Хьэмид, хъантетым здыкIэлъыплъым.

Хъаным къыщIокIри, къалэр къызэхикIухьыну йожьэ щIалэр.

Iурфэр къалэжь дыдэт. Алыхьым къигъэкIуа лIыкIуэр абы щыпсэуауэ яIуэтэж. Ибрэхьим бегъымбарыр мафIэ лыгъэшхуэ лъагэм хидзэу игъэсыну Немруд щыхэтам, Тхьэм и гущIэгъукIэ мафIэр - псы, пхъэхэри - бдзэжьей хъуауэ жаIэрт. А псымрэ бдзэжьейхэмрэ ялъагъуну цIыхухэр къакIуэурэ, ягъэлъапIэу зрагъэлъагъурт, бдзэжьейхэм шхын иратырт. Хьэмид ахэр игъэщIагъуэурэ, псыми абы хэс бдзэжьейхэми еплъурэ, зыкъомрэ уфэрэзащ.

«Капалы чаршы» жаIэри, пасэрей мывэ сэхушхуэхэмкIэ ящIауэ, щхьэи къытелъу, бэзэрышхуэ дэтщ Iурфэ. Абы тохьэ Хьэмид. И жьэр ущIауэ зиплъыхьт, дунейм щызекIуэу темылъ щыIэтэкъым бэзэрым. А хьэблэм къыщыкI, къыщымыкI, цIынэу, гъэгъуауэ, пхъэщхьэмыщхьэу, Iэмэпсымэу, Iэдэ-уадэу, хьэпшыпу, хьэкъущыкъуу - сыт уигу къэкIми, сыт ухуэныкъуэми, щыбгъуэтынут.

ЦIыхубэр зэхэзекIуэрт. Къэзыщэху, зыщэ, зэныкъуэкъу. Курдыбзэ, хьэрыпыбзэ, тыркубзэ зэхэпхырт. Хьэмид адыгэбзэ зэхэсхыну пIэрэ жиIэу зэщIэдэIукIа щхьэкIэ, зэхихакъым. Дэнэ къикIынт адыгэбзэ?!

И шыпхъухэм - мажьэ, гъуджэ, и анэм – бостеяпхъэ, и адэм – «тутын тэбэкъэ» жыхуаIэ тутынылъэм хуэдэ, и ныбжьэгъухэми «чакмак»-кIэ зэджэ мафIэ щIэ-Iугъуэ кърихуу къыщыхъуащ, апхуэдизкIэ сырыщэти.




«Е зи унагъуэр бэгъуэн! ЦIыхум мыр ишхын щхьэкIэ и щхьэр и биижын хуейщ», - жиIэщ Хьэмиди, шхупсым зридзри ефащ.

И щIыбым къубгъанышхуэ ипхауэ, абы и пэр и дамащхьэм къыщхьэщылеикIыу: «Меян! Меян!» - жиIэу кIийуэ зыгуэр блэкIырт. Хьэмид абы Iэ хуищIри, къриджащ. «Уер!» (Къызэт!) - жреIэри, ахъшэ жъгъей хуеший. Фалъэр къубгъэныпэм хуигъазэу зыщригъэзыхым, хуэфIыцIафэу псы гуэр кърригъэхъуащ. «Меян» жыхуаIэр а лъэныкъуэм къыщыкI удз гуэрт, хущхъуэу зэрахьэу. Хьэмид игу ирихьакъым ар. «ЦIыхум имыгъэунэхуа ирифын хуейкъым», - жиIэри, егупсысащ. ИтIанэ фадэ зэмыщхьу зэIубахэр игу къыщыкIыжым, и гупсысэм теукIытыхьыжащ.

## ЕтIуанэ Iыхьэ

Дыгъэр уафэ щхьэщыгум къытеуват, нэхумрэ хуабэмрэ шабзэшэм хуэдэу щIыгум къытридзэу. Хьэмид и пыIэр къуенцI ищIауэ щхьэрыгът. И зы нэр иуфIыцIарэ и дзэлыфэр тешауэ, дэнэкIэ сыкIуэн жыхуиIэу, зиплъыхьырт. ЩIалэ кIыхьт, хуэсырыхуфэт, жьакIэ фIей тIэкIум лIыфэ кьытригъауэрт, ибг псыгъуэмрэ и бабыщыбгъэмрэ зэрыкъаруугъанэ фэеплъу къахуищэхуащ. И къэшэнми къыхуищэхунут, ауэ «иджы щыщIэдзауэ бгъэудафэ хъунукъым» жиIэри, щIегъуэжащ. Зы хъуржын къищэхущ, и хьэпшып тIэкIухэр абы ирилъхьэри, къыщIэкIыжащ «капалы чаршы»-м.

МэжэлIат. Зы шхапIэ къелъагъу, и бжэIупэм къамылкIэ щIауэ шэнт- Iэнэ хъурей цIыкIухэр Iуту. КIуэри тIысащ. ЩIалэщIэ цIыкIу къажэри: «Джэгырми , Iэби», - къыщыжриIэм, Хьэмиди: «Хьы» - жриIэжащ.

Iэнэм зы бжьын тепщэч гуэр тетти, пIащIабзэу гъэжьауэ щIакхъуэ хъурей зыбжанэ къыхутралъхьэ, гъущI фалъэм иту шхупс къытрагъэувэ, иужь дыдэми дзасэм фIэIуауэ ягъэжьа тхьэмбыл къыхуахь. Абы шыбжий цIынэ плъыжьышхуэ и гъусэт. ЩIакхъуэ хъурейм дилъхьэурэ тхьэмбылыр ишхащ, IэфIыкIейт. Шыбжийм бэлэрыгъауэ щедзакъэм, и нэм - гъуэз, и тхьэкIумэм фIэр къыбгурагъаIуэрт. КIэщIу жыпIэмэ, щIалэ къекIут.

И ужьыIуэкIэ зы цIыхубз кърикIуэрт. И нэ фIыцIитIым фIэкIа къыщIэмыщу, фIыцIабзэу хуэпат. Хьэмид и дзэлыфэр итIауэ къаплъэу щилъагъум, езым къыхуэгуфIэ фIэщIри, хуэм зыкъищIащ, и нэбжьыцхэр къыхуигъэджэгуурэ къэгъунэгъуащ.

Хьэмид хъыджэбзым гу щылъитэм, и нэ уфIыцIар зэтрихщ, и жьэр зэтрипIэщ, и пыIэр зэригъэзэхуэжщ, занщIэу зигъазэри, и нэзитIым и кIыхьагъкIэ ирикIуэу унэхэр зытет уэрам гъуэгум и дэгъэзеигъуэмкIэ иунэтIащ. «Хамэ щIыпIэм бэлыхь сыщыхохуэ», - жиIэ пэтми, зыкъомрэ къызэмыплъэкIыу ущу джабэ гъуэгум дэкIуеящ. Джалъэу къэнат. ИтIанэ зэщIэувыIыкIщ, хуэм-хуэмурэ зигъазэри, зэплъэкIащ. Зыри иттэкъым и ужьым. Езыр-езырурэ: «Еуей, Хьэмидыжь! Уэри щIалэ ухъун... нэ фIыцIэ цIыкIуитIым зыкъребгъэхужьэу. УкIытэ, цIапIэжь!» - зыхужиIэжри, и пащIэкIэ щIэгуфIыкIащ.

Хуабэм уигъэгужьейрт. Зиплъыхьащ. Уэрамым зыри дэттэкьым. Дыгъэм и гуащIагъыр ящIэу, жьауапIэхэм зыщIадзагъэнт.

Хьэмид зиплъыхьри, щхьэгъубжэшхуэ къиIущIыкIа зыхэлъ унэ зэтетым и блын жьауэм щетIысэхащ.

Адыгэбзэ зэхихыу къыщохъу асыхьэтым. Зэпхыдэукlмэ - кьыщыхъуу аратэкъым, пэж дыдэу зэхихырт. Зи блын жьауэ щIэс унэ щхьэгъубжэм цIыхубз макъ къыдэIукIырт, триутIыпщхьауэ адыгэбзэкIэ гъыбзэ жиIэу.

Хьэмид къызэфIэувэри едэIуащ. Iилахи жыIэкIэм и макъамэм тет гъыбзэт къэIур:

**ЛIыгъур хьэблэ губгъуэри, рэуии!**
**Зэрыпсынэншэти, Рухь Аллахь!**
**Си насыпыншагъэми,**
**сэрмыгъуэ дыдэ ер Аллахь!**
**Курдыр къысхуихьа мыгъуи, Рухь Аллахь!**
**Мы ди хьэблэ цIыкIухэри, рэуии!**
**Зэходжэгухьри, Рухь Аллахь,**
**Курдым я ефакIуэри, сэрмыгъуэ**
**дыдэ ер Аллахь,**
**Къысхэджэгухьа мыгъуи, Рухь Аллахь!**
**ЛIыгъур и къуэ Iейми, рэуии!**
**Чалымыр къешэри, Рухь Аллахь!**
**Бэнкнот щищкIэрэ, сэрмыгъуэ**
**дыдэ ер Аллахь,**
**Курдым сраща мыгъуи,**
**Рухь Аллахь!**
**Мы щхьэгъубжэшхуэри, рэуии!**
**КьызэIузохри, Рухь Аллахь!**
**Си бгъафэ хужьхэри,**
**сэрмыгъуэ дыдэ ер Аллахь!**
**Курдым къызэIуиха мыгъуи,**
**Рухь Аллахь!**
**Жылэ адэ-анэри, рэуии!**
**Iэулад щIобэг мыгъуэри,**
**Рухь Аллахь!**
**Сэ си адэ-анэри, сэрмыгъуэ**
**дыдэ ер Аллахь!**
**Ахъшэм щIэбэг мыгъуэти,**
**Рухь Аллахь!**

Зиущэхужри зы тIэкIурэ щысащ Хьэмид, итIанэ къызэфIэувэщ, щхьэгъубжэм и Iупхъуэр дамэдазэ ищIри, дэплъащ.

ЦIыхубзым и Iэлъэщlымрэ и нэкIумрэ я хужьагъкIэ пхузэхэхунтэкьым. И Iэлъэщlым къыдэщ щхьэц ныкъуэтхъум уеплъмэ, и ныбжьыр тIощIитI пэлъытэт. Ихьа-ишэчахэм я лъэужьыр и напIэм кьытетIысхьарэ, и нэпсхэр и гум иригъэткIуэжурэ игъущыхьыжыным нэсауэ, нэхуншэ хъуа и нэ щхъуантIэ дахитIым и напIащхьэр ныкъуэтепIэ къащIат. Къоплъыхри, зэфIэжыхьауэ щыт Хьэмид къелъагъу. Я нэхэр зэхуэзат, ауэ цIыхубзым Iупхъуэр къыхуищIри, кIуэдыжащ.

Хьэмид ищIэнур имыщIэу, и лъэр щIэхуарэ и нэр щхьэгъубжэм тенауэ къэнат. ЗыкъищIэжри, и щхьэр фIэхуарэ зебыршэурэ къыIуигъэзыкIыжащ. Сыту гугъут зыри пхузэфIэмыкIыныр. Iэмалыншагъэр и гум бампIэу итIысхьат Хьэмид, илъэгъуамрэ зэхихамрэ хузэмыгъэзахуэу. Уи унагъуэм зи бзэ, зи хабзэ умыщIэ хамэ щIыпIэм и куэщIым ахъшэ шхьэкIэ урадзэныр сыту гуауэ.




# Лэжьэреймрэ щхьэхынэмрэ

ЩIымахуэ махуэ гуэрым лэжьэреймрэ щхьэхынэмрэ мэзым пхъашэ зэдэкIуат. Лэжьэрейм уаери зыхимыщIэу джыдэр Iэрыхуэу игъэлажьэрт. КъехуэбэкI щыхъум абы къэпталыр зыщихри ауэ щылъ жыг пыупщIам трилъхьащ.

МыдэкIэ гум къинауэ ис щхьэхынэр мэкIэкуакуэ, и дзэхэр фIызэтоуэ. Лэжьэрей щIыIэм зэримысыр игъэщIагъуэу йоупщI:

Ар дауэ? Сэ джэдыгу сщыгъэрэ пэт щIыIэм сес, уэ джанэ фIэкIа пщыгъкъым, итIани укъызэщIэплъащ.

Уэ уи джэдыгур сытым щыщ, сэ си къэпталым елъытауэ. Зэрысщымыгъым хуэдэу итIани щIыIэм сригъэсыркъым. Плъагъуркъэ, жыг пызупщIам телъу аращ.

КхъыIэ, дызэгъэхъуажэ, къелъэIуащ щхьэхынэр.

Ар мыхъунщ. ЖыпIэр сыт? Сэ дауэ сыхъужыну?

Сидыкъыпэнущ щIыIэм, гущIэгъу къысхуэщI, - мэгъынанэ щхьэхынэр.

Хъунщ-тIэ. Сомитху къэпталым къытелъхьи, фIыкIэ зыухьэ.



Щхьэхынэм сомитху трилъхьэри, къэпталыр къихъуэжащ. Лэжьэрейми мэз пыупщIын иухати, пхъэр гум кърилъхьэщ, джэдыгур зыщитIагъэри унэм кIуэжащ.

Къэпталым куэд къыпхуищIэнт? Куэд имыкIуу щхьэхынэр нэхъри щIыIэм къисащ.

Фынеуэ, псынщIэу, егъэпIащIэ абы шыхэр.

Шыхэр псынщIэу кIуами, къапэщылъ гъуэгуанэр мащIэтэкъыми, щхьэхынэм щIыIэ хыхьэри сымаджэ хъуащ.

Ауэ лэжьэрейм джэдыгур зыщитIэгъэхукIэ щхьэхынэр игу къэкIыжурэ куэдрэ ауан ищIырт.

**МЭЛЕЙ ФатIимэ.**

# КъэкIыгъэцIэхэр

**Банэдэгу** - Дурнишник зобовидный.



Ди щIыпIэхэм дэнэ дежи узыщрихьэлIэ, зы гъэкIэ фIэкIа къэмыкI удзыжьщ. И пкъыр см 50-70-кIэ докIей, къудамэ ещI. И тхьэмпэхэр хуэхъурей щIыкIэщ, кIы кIыхь иIэщ, лъабжьэ гъум быдэ ещI.

ЗыкъыпкIэрызыщIэ банэ зытет, зы сантиметр хуэдиз зи инагъ жылэ хъурейкIыхьхэр гъэмахуэкIэм – бжьыхьэпэм мэхъу. Банэдэгур щIы бгыныжахэм куэду къыщокI. Апхуэдэ щIыпIэхэм мэл щыбгъэхъу хъуркъым, сыту жыпIэмэ банэ зытет жылэхэр къыкIэрынэурэ, цым и фIагъыр мэкIуэд.

Медицинэм хущхъуэу къыщигъэсэбэп къохъу.

**Балией**, **балийжыг** - Вишня обыкновенная, вишня садовая.

ЦIыхухэм куэд щIауэ къагъэкI жыг лIэужьыгъуэщ. И лъагагъыр метри 4-6 мэхъу, пхъафэм плъыжьыфэ мащIэ къыщIолъадэ, жьы щыхъукIэ - щхъуэ-фIыцIафэщ. Балиейм и лъабжьэм гъэ къэс жыгыщIэ цIыкIу куэд къыкIэщIож. Тхьэмпэхэм цы ятеткъым, сантиметри 5-7 я кIыхьагъщ, сантиметри 3-4 я бгъуагъщ. Гъатхэм, тхьэмпэхэр къыпидзэн щIидза нэужь, хужь дахэу мэгъагъэ. Гъэгъахэр кIы кIыхь яIэу, 2-4-уэ зэгъусэу къыпедзэ, бжьэхэм абыхэм фо къыпах. Балией тхьэмпэр адыгэхэм фIэIугъэхэми шейми халъхьэ. Балиейм тумэ къэхъукIэ иIэщ,



мэз шэдыгъуеймрэ губгъуэ шэдыгъуеймрэ я кум къыдэкIащ. ЩIэныгъэлIхэм хуагъэфащэ ар ижь-ижьыж (лъэхъэнэщIэм и пэ къихуэ лIэщIыгъуэхэм) ди хэкуэгъухэм Днепр и Iэгъуэблагъэхэм, Македонием и щIыналъэ щхьэхуэхэм Iэрысэ щащIауэ.

**ХЬЭКЪУН Барэсбий**.

# Адыгэ и хьэщIэ быдапIэ исщ

**•Нанэм щIыгъур дадэщ.**

**•А сигу, зыIэжьэ, а си жьэ, зубыд.**

**•Абдж щыкъуейм лъапцIэу ухэмыувэ.**

**•Закъуэныгъэ нэхърэ Iэл къыбдис.**

**•Абы бгым зыщидзыжмэ, уэ вийкIэ увэну?**

**•Адыгэ и хьэщIэ быдапIэ исщ.**

**•Гъунэгъур унэгъущ, къигъунэгъужыр гъунэгъущ.**

**•Нэгум щIэтыр нэм хуэдэщ.**

**•АдрыщIым ущIэдэумэ, мыдрыщIыр къыплъысынщ.**

**•Жьы зэрымысым нэмыс илъкъым, щIэ зэрымысым насып илъкъым.**

# Гум и зыщIыкIэ

Гур архъуанэм ирехьэри... гъащIэ псо щоуназэ. ГукъэкIыжхэр къожажьэ, гупсысэр мэятэ. ПщIэжрэ, пщIэжрэ жыпIатэр, сигу, зэгуэр узелъатэу... Къэбгъуэтауэ, бгъэфIэну, гухэлъ IэфIу уиIэну... Уэ гухэлъыр жыпIэнут, дуней псор ууей хъунут. Сэ сыноплъырти щыму, бжезмыIэфурэ зыри, уи дунейр сфIэгуэныхьт.

Уимыхуэжу мы си бгъэм, уэми щIыми щыбгъафIэ гухэлъ нэхур зэгуэрым къыптесхынути, испхъэжынут ар уафэм. Уафэм ар имыхуэжу, хэз сфIэхъуати хьэуам... Иджы нэхъри угуфIэрт. Сэ уэсщIэн си гугъахэр пфIэделагъэу арати... бутIыпщауэ уи макъыр, лъагъуныгъэм и макъыр, удыхьэшт.

Сигу, щытам сфIэгуэныхьу, си гугъам узым ихьу, узи гуауи илъагъукъым, зыри хъуркъым и жагъуэ. ГъащIэм IэплIэ хуищIауэ, нуру уэгум щыблауэ, и гухэлъ егъэпэж. КъыIэщIэпчи къытепхи хъуркъым гухэлъыр.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# Ди лъэпкъ мифологием дунейр зэриухуэр

Дунейр ухуа зэрыхъум теухуауэ адыгэ мифологием сюжет укъуэдия иIэкъым. Апхуэдэу щыт пэтми щIыр, уафэр, бгы сытхэр къызэрыхъуар хыболъагъуэ. Псом япэу гу лъыботэ уафэр «мыджэмыпцIэу, щIылъэр зэпцIагъащIэу» къызэрыхэщым. Апхуэдэу щыщыткIэ, уафэри щIылъэри зы зэман зэпцIауэ ялъытэу щытащ. Угугъэ хъунущ абы иужькIэ бгыхэмрэ псыхэмрэ къэхъуауэ: эпосым ущрохьэлIэ Бещтау къандзэгу хуэдизу, Индыл цIыкIурэ сабийхэр епкIэу зы зэман щытауэ.

А лъэхъэнэ жыжьэращ дунейр къыщигъэщIауэ хуэгъэфэщапхъэри. Мыбы гу лъытэн хуейщ: дунейр ухуэныр епхащ Сосрыкъуэ. Уегупсысыпэмэ, Сосрыкъуэ япэ цIыхуу къегъэлъагъуэ: уафэмрэ щIылъэмрэ щаухуэм Сосрыкъуэ лIыпIэ иуват, бгыхэмрэ псыхэмрэ къыщигъэщIам Сосрыкъуэ жьакIэ никъуэтхъут.

Дунейр къатищу зэтетщ: уафэр, щIылъэр, хьэдрыхэ. ЩIым и гъунэр къызэригъэлъагъуэр мыращ: уафэмрэ щIылъэмрэ щызэхыхьэжым. Абы нэс гъуэгуанэ жыжьэ дэлъщ: къуршиблрэ хиблрэ зэпыбупщIын хуейщ. Дунейм и къатхэр зэрепх жыгым (бжейм), ар бгышхуэм итщ, и щхьэр уафэм етарэ и лъабжьэр щIы щIагъым кIуэуэ. Уафэр къащхъуэщ, ЩIылъэр нэхущ, щIы щхьэфэр щхъуантIэщ. Хьэдрыхэ кIыфIщ. Уафэм (е Iуащхьэмахуэ) тхьэхэр щопсэу, щIыгум щопсэу цIыхухэр (нартхэр), хьэдрыхэ щыIэхэр ем и телъхьэхэращ - иныжь, благъуэ сытхэр. Зы къатым уикIыу нэгъуэщI къатым укIуэ хъунущ бжей жыгым и кумкIэ (е щыхупIэ сытхэмкIэ), бгъэм утесу, тIы фIыцIэ-тIы хужьхэми уахьынущ (тIы фIыцIэм щIы щIагъым уехь, тIы хужьым щIым укъыдрехьеиж).

Дунейр япэу иухуауэ хуэбгъэфащэ хъунущ япэщIыкIэ Тхьэм, иужькIэ а къалэныр ищтащ Тхьэшхуэм.

***«Адыгэ мифологием и энциклопедие» тхылъым къитхыжащ.***

# Псалъэзэблэдз




***Къехыу:*** **1**. Уи благъэ уемыпэгэкI - уи бийм благъэ ... **2**. ... щIэщ, гухэщI жьыщ. **4**. ... мафIэ пхухэгъэпщкIуэнкъым. **5**. ..., сипхъу, зэхэщIыкI, си нысэ. **11**. ... шум щIонакIэ. **12**. ... жьакIэ тетщ.

***ЕкIуэкIыу:*** **3**. Уи адэ щIыпIэ ... , уи анэ дахэу епсалъэ. **6**. ... щIэгъуэм Iэпэ шынщ, ... шхыгъуэм жумэрэнщ. **7**. ... лIыщIэ къиштэри лIыщIакIуэ ежьэжащ. **8**. Гуащэрэ пэт данэ кIапэ ... **9**. Зи мыIуэху зезыхуэм и щхьэм баш ... **10**. ... джатэм нэхърэ нэхъ жанщ. **11**. СопIащIэ жыпIэу, шы ... умышэс. **13**. Благъэ ... нэхърэ - гъунэгъуфI. **14**. Уи ... уи IуэхукIэ гъэдахэ. **15**. ЗэгурыIуэр щынафэм щIегъанэри, зэгурымыIуэр ... щIигъанэркъым.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ.**

***Дыгъэгъазэм и 30-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Къуэ. **2**. Гуу. **4**. Уае. **5**. ЩIэп. **7**. Псей. **9**. Акъыл. **12**. Iужажэ. **13**. Емышэ. **15**. Бжьахъуэ.

***Къехыу:*** **1**. Къута. **3**. Ужьэ. **4**. Уэс. **6**. Пхъы. **7**. Пэжым. **8**. Ержыб. **10**. Къомбэ. **11**. Лашын. **14**. Баш.

# МафIэбг «ябгэу» Iуащхьэмахуэ

**Тхьэхэм я зэхуэсыпIэу алыдж Iуэрыlуатэм хэт Олимп Iуащхьэр а цIэр зэрихьэу а щIыналъэм ит бгырауэ хуагъэфащэ. Ауэ нэгъуэщI еплъыкIи щыIэщ.**



ЯПЭРАУЭ, зи лъагагъыр метр 2917-рэ фIэкIа мыхъу бгыр, алыджхэм я тхьэхэр дэнэ къэна, тщыщ дэтхэнэри дэкIыфыным хуэдизщ икIи апхуэдэу зэрыщытым «а лъагапIэр тхьэхэм я дежкIэ тIэкIу мылъахъшэIуэу пIэрэ?» жыуегъэIэ.

Нэгъуэщl зыми гу лъытапхъэщ. Алыджхэм я пасэрей диным хэта тхьэхэм я нэхъыжь Зевс щыблэкIэ къызэухуу щыта Iуащхьэр, абы къыдэкIуэу, шынагъуащэуи зэщIэгъуагъуэрт, мафIэу къызыпхилыгъукIхэми ихъуреягъыр зэщIалыпщIырт.

Зи гугъу тщIы къэралым и пасэрей Iуэрыlуатэр зыдж, филологие щIэныгъэхэм я доктор Гринчер Николай зэрыжиIэмкIэ, зэман жыжьэм псэуахэм алыдж тхьэхэм я зэхуэсыпIэу къалъытэнкIэ хъуну щытар Кавказ къуршыжьхэм ижь-ижьыж лъандэрэ уардэу къахэбжьыфIыкI Iуащхьэмахуэ хуэдэ лъагапIэщ. Бгыжьыр тхьэхэм я тIысыпIэрэ санэхуафэ щащI щIыпIэу щытауэ нарт эпосми жеIэ.

А гупсысэм лъабжьэ иIэщ. Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, пасэрей алыджхэм я хылIэзекIуэлIхэр, хы ФIыцIэм щIэхщIэхыурэ къызэпрысыкIырти, Кавказ щIыналъэм къыкIэрт. Ауэ щыхъукIи, абыхэм гу лъамытэнкIэ Iэмал иIакъым, зыхуэбгъэдэн щымыIэу, узримыгъэплъу дахащэ, метр 5642-рэ зи лъагагъ Iуащхьэмахуэ.

Абы къыдэкIуэуи къыхэгъэщыпхъэщ, лъэхъэнэ жыжьэу дызытепсэлъыхьхэм мафIэ бзий гуащIэхэр къызыпхыпсыкIа бгыжьым и «къэгубжьыгъуэ» дыдэу зэрыщытари... ИкIи, щIэныгъэлIхэм зэрытрагъэчыныхьымкIэ, Iуащхьэжьым нобэ зиущэхужауэ къытфIэщI щхьэкIэ, ар зыкъыщызэкъуихынур дымыщIэ, пщтырагъэшхуэ зыпкърыт мафIэбг «ябгэщ».

ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, иужьрей дыдэу лъагапIэжьыр къыщикъуэлъыкIар илъэс 1000 ипэкIэщ. Абы лъандэрэ, цIыхухэри псэущхьэхэри имыгъэпIейтейуэ, зэпIэзэрыту къекIуэкIа бгым зэхуихьэса къарур зыхуэдизыр зыми ищIэркъым икIи ар абы дунейм къыщытриутIыпщхьэну пIалъэр, а Iуэхум егупсысхэм къызэралъытэмкIэ, икъусыкъужкIэ шынагъуэу къыщIэкIынри хэлъщ.

Ди къэралым и щIэныгъэрылажьэхэр къэхъункIэ хъуну а Iуэхугъуэм куэд щIауэ зэдэгупсысырти, Урысей Федерацэм ЩIым и физикэмкIэ институтым и IэщIагъэлIхэм къалэн щащIащ Iуащхьэмахуэ и лъабжьэм зыщIэзыгъэпщкIухьа магмэм и «бзуэкIэм» кIэлъыплъыну. ИкIи, а унафэм ипкъ иткIэ, техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Собисевич Леонид зи пашэ гупыр, ди республикэм и Тырныауз къалэм ипщэкIэ щыIэ нейтриннэ станцым и гъуэдыджым (тоннелым) хуэегъэзэхыгъуэу ихьэри, щIы щIагъым километр 4-кIэ пхыкIащ. Абы лъандэрэ, ахэр абдежым, а Iуэхум хуэзэгрaухуа Iэмэпсымэхэмкlэ, Iуащхьэмахуэ и лъабжьэм къыщыхъу-къыщыщIэхэм щодаIуэ.

Геолого-минералогие щIэныгъэхэм я доктор Масуренков Юрий къызэрилъытэмкIэ, бгыжьым и кIуэцIым щызэхуэхьэса хуабэр щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ къызэрыщыпхивынкIэ хъунум щыхьэт техъуэфынущ абы ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ и джабэ нэкIухэм псы пщтырхэр къызэрыщIэкъуэлъыкIри. Ахэр щызэпиплъыхьым, щIэныгъэлIым игу къэкIащ мафIэбг жеям и «пэщхъыным» кърихункIэ хъуну гъуэзыр зэрагъэупщIыIуну щIыкIэр зыхуэдэри. Масуренковым къелъытэ, щIыпIэ языххэзхэм деж километри 2 - 3-кIэ щыпхыугъуэныкIауэ, Iуащхьэмахуэ и лъабжьэм щызэхуэхьэса пщтырагъэм тIэкIу-тIэкIуурэ хегъэгъэщIын хуейуэ. Ар, дауи, къызэрымыкIуэу мылъкушхуэ зытекIуэдэну Iуэхущ...

Дунейр уэфIу, Кавказ Ищхъэрэм губгъуэ лъэныкъуэмкIэ укъыщихьэкIэ, Iуащхьэмахуэ, апхуэдизкIэ уардэрэ дахэу уи нэгу къыщIоувэри, хьэщыкъ ухуэмыхъункIэ Iэмал иIэкъым. Хъыбар щыIэщ, ди лъэхъэнэм и IV лIэщIыгъуэм Индыл псышхуэм къызэпрыкIыу Кавказымкlэ къэзыунэтIа гуннхэр, нэхущ пшэплъым дыхьэрэну ириIа щIэплъыпIэм хужьышхуэрэ абрагъуэу «къытепсыха» Iуащхьэмахуэ къыщалъагъум, шынагъэ иным зэщIищтэу, лъэныкъуэкIэ ирагъэзэкIыжауэ.

Тхыдэ мыжьыжьэр щыхьэт зэрытехъуэмкlэ, цIыхухэм ящыщу абы япэ дыдэу дэкIар генерал Эммануэль 1829 гъэм иригъэкIуэкIа зекIуэм гъуэгугъэлъагъуэу яхэта Хьэшыр Чыларщ.

Кавказым и шытх нэхъыщхьэмрэ къедзамрэ ящхьэщыт аранэ лъагапIэхэр, абыхэм я лъабжьэкIэ щешкIурэх псыкъелъэ дахэкIейхэр, щыщIэущхъуэнтIыкI хыжьей къабзащэхэр, бгылъэ щыгум дэкI лъагъуэхэр, къуршыпсхэр хухъуэщыщу зэжэх тIуащIэхэмрэ абыхэм зыдэзыуфэбгъуа уэздыгъей мэзхэмрэ апхуэдизкIэ узыIэпызышэщ, гур хэзыгъахъуэщи, Iуащхьэмахуэ и Iэхэлъахэм цIыхухэр ноби уэру кърашалIэ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**



# Дунейпсо чемпион

**Мэзкуу къалэм дэт «Аквариум» спорт комплексым щекIуэкIащ ACB JJ зэзауэ зэхэтхэмкIэ дунейпсо чемпионат. Абы фIы дыдэу зыкъыщигъэлъэгъуащ ди лъэпкъэгъу ГуэныкIэ Заур.**

Gi лIэужыгъуэмкIэ бгырыпх щIыху зиIэхэм я зэхьэзэхуэм килограмм 95-м щIигъухэм я деж щригъэкIуэкIа зэIущIиплIми шэч къызытумыхьэн текIуэныгъэ щызыIэригъэхьащ ГуэныкIэм икIи дунейпсо чемпионатым и дыщэ медалыр къыхуагъэфэщащ. А хьэлъагъ дыдэм No Gi лIэужыгъуэм Заур етIуанэ щыхъуащ, арщхьэкIэ абсолютнэ хьэлъагъхэм зиIэхэм я деж иджыри зы дыщэ медаль къыщихьыжащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2021 гъэм дыгъэгъазэм и кIэм ГуэныкIэ Заур и зэфIэкI лъагэхэм япкъ иткIэ бгырыпх щIыхур къыхуагъэфэщауэ щытащ.

Спортсменыр ягъасэ Жантегуэл Зауррэ Шыхъуэстэн Русланрэ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

# Тэрч бэнакIуэхэм я текIуэныгъэ

**ЩIышылэм и 7 - 9-хэм Налшык дэт «Гладиатор» спорт комплексым щекIуэкIащ 2002 - 2007 гъэхэм къалъхуа ныбжьыщIэхэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ я республикэпсо зэхьэзэхуэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу абы хэтащ спортсмен 300-м нэблагъэ.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ зэфIэкI лъагэхэр къыщагъэлъэгъуащ Тэрч куейм и бэнакIуэхэм. Я хьэлъагъ елъытауэ зэщхьэщыха гупхэм пашэныгъэхэр щаубыдащ Тэркъан Къазбэч, Хъуп Астемыр, КIыщ Аслъэнбэч сымэ. КIыщ Мурат и нэIэ щIэту щIалэщIэхэм зыщагъасэ Акъбаш Ипщэ дэт спорт школым.

Тамбовскэ жылагъуэм щыIэ олимп резервхэр щагъэхьэзыр спорт школым и гъэсэн Щомахуэ Албиян килограмм 82-м нэблагъэ зи хьэлъагъхэм я деж пашэныгъэр щиубыдащ. Ар ягъасэ Умархэ Залымрэ Валерэрэ.

КъищынэмыщIауэ, етIуанэ, ещанэ увыпIэ куэд зыIэрагъэхьащ Тэрч щIыналъэм и спортсмен ныбжьыщIэхэм.

Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ республикэ зэхьэзэхуэм щытекIуахэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ хэтынущ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и зэпеуэу щIышылэм и 26 - 30-хэм Дагъыстэным и Каспийск къалэм щекIуэкIынум.

**КЪЭХЪУН Бэч.**



Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ. Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894 Тираж 2.039 Заказ №42